ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№117 (24.867) • 2025 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 27, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

*2025 гъэм и жэпуэгъуэм - дыгъэгъазэм цІыхухэр дзэ къулыкъум ираджэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхук*Іэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Дзэм къулыкъу щащІэну я пщэ дэлъ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я Іуэхукlэ» Федеральнэ закон №53-ФЗ-уэ 1998 гъэм гъатхэпэм и 28-м къыдэкІам ипкъ иткІэ, илъэс 18-м къыщыщІэдзауэ 30-м нэс ныбжьым ит цІыхухъухэу дзэ учетым щытхэр е дзэ учетым щымытхэу, ауэ щытыну зи къалэнхэр икІи запасым щымыІэхэр 2025 гъэм и жэпуэгъуэм - дыгъэгъазэм дзэ къулыкъум ираджэныр къызэгъэпэщын мурадкІэ **унафэ сощІ**:

1. Мы Указым щІыгъуухэр къэщтэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ къулыкъум езыджэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ дзэ къулыкъум езыджэ я комиссэхэм хэтхэр;

2025 гъэм и жэпуэгъуэм - дыгъэгъазэм дзэ къулыкъум ираджэн хуей цІыхухэр дохутырхэм къыщапщытэну икІи абыхэм щеІэзэну медицинэ ІуэхущІапІэхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ органхэм яхуэгъэлъэгъуэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я гъусэу 2025 гъэм и жэпуэгъуэм - дыгъэгъазэм цІыхухэр дзэ къулыкъум ираджэныр ягъэува пІалъэхэм ирагъэкІуэкІыныр къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэмрэ Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и министерствэм транспортым щиІэ Налшык линие къудамэмрэ яхуэгъэлъэгъуэн цІыхухэр ираджэныр икІи гупхэр ирагъэжьэныр щрагъэкІуэкІ махуэхэм республикэм щызэхуашэс и щІыпІэхэм, гъущІ гъуэгу станцхэм, автовокзалхэм жылагъуэ хабзэр къыщызэрагъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ, связымрэ, цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэщын хуейщ цІыхубэ информацэм и ІэнатІэхэм цІыхухэр дзэ къулыкъум ираджэным ехьэлІа Іуэхухэм щытепсэлъыхьыныр.

5. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**.

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм фокІадэм и 22-м*
*№103-УГ*

● КъБР-м и Парламентым



# Дзэлыкъуэ районыр щапхъэу къагъэлъагъуэ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Дзэлыкъуэ районым. «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, депутатхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщрагъэужьым**.

ІУЭХУР я жэрдэмщ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и комитетитІым - ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ, Законодательствэмрэ щІыпІэ унафэр зехьэным и ІуэхухэмкІэ. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Президиумыр, КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм и унафэщІхэр, Дзэлыкъуэ районым и къэрал ІуэхущІапІэхэм, къалэ округхэмрэ районхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я лІыкІуэхэр.

Псом ипэ къиихуэу хьэщІэхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Дзэлыкъуэкъуажэ Хэкум и хъумакІуэхэм я утым ит «Фэеплъ блын» ухуэныгъэм икІи дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ щІыналъэм щыщу хэкІуэдахэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ хабзэубзыху ІуэхущІапІэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным епха Іуэхухэр мызэ-мытІэу къызэрыщаІэтар, ауэ къуажэхэм щхьэхуэщхьэхуэу щызэфІагъэкІым зыщагъэгъуэзэным теухуауэ иджы япэу къызэрежьар. Абы жиІащ цІыху гъащІэм къыгуэхыпІэ имыІэу зэрепхар физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ, къапщтэмэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр.

- Ди къэралым и зыужьыныгъэм дыщытепсэлъыхькІэ, шэч хэмылъу, зи гугъу тщІыр цІыхум и узыншагъэмрэ абы зэрызедгъэузэщІынымрэщ. Сыт хуэдэ зэманми мыхьэнэ ин яІащ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ. Нобэщи, ахэр сэбэп мэхъу цІыхум и Іэпкълъэпкъым зригъэужьынымкІэ, зэраныгъэ къыхуэзыхь, жылагъуэ псэукІэм къытекІ хьэлхэр зыхригъэнынымкІэ. УФ-м и Президент Путин Владимир гъэ къэс Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэм къыщыхегъэщхьэхукІ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным, къуажэхэм спорт ухуэныгъэхэр дэщІыхьыным гулъытэ хэха ягъуэтын зэрыхуейр, - жиІащ Егоровэм. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ къэралым и Іэтащхьэм и пщэрылъкІэ зэраубзыхуар Урысей Федерацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ 2030 гъэ пщІондэ зэрызрагъэужьыным теухуа лэжьыгъэр.

Егоровэ Татьянэ жиІащ, къалащхьэм зэрыпэжыжьэми емылъытауэ, зытепсэлъыхь Іуэхур нэхъ щефІакІуэ щІыналъэхэм Дзэлыкъуэ районыр зэращыщыр, абы лъэныкъуэ куэдкІэ зэрызиужьыр. ЩІыналъэм и ехъулІэныгъэхэми, республикэм и спорт ІуэхущІапІэхэм зыхуагъэувыж къалэнхэми, лъэпощхьэпохэми, нэгъуэщІ куэдми зэІущІэм щытепсэлъыхьащ. Абыхэм нэхъ убгъуауэ дыщыфхутепсэлъыхьынущ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм.

# Сабий зиІэ унагъуэхэм зыщІагъакъуэ

**Ди къэралым гулъытэ нэхъыбэ зыхуищІхэм ящыщщ сабий зиёІэ унагъуэхэм, псом хуэмыдэу щІэблэ куэд щызэдапІхэм, защІэгъэкъуэныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и социальнэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ар**.

САБИЙ къалъхуам зэ тыгъуэу хуаутІыпщ ахъшэр дызэрыт илъэсым унагъуэ 4500-м щІигъум ирататщ.

Зи хэхъуэхэр ягъэува мардэхэм нэмыс унагъуэхэм къыхъуа ещанэ, еплІанэ сабийхэр илъэсищ ирикъуху ахъшэ ирату зэтраубла хабзэм адэкІи пащэ къэралым и Президент Путин Владимир пщэрылъ зэрищІам ипкъ иткІэ. 2025 гъэм апхуэдэ ахъшэр сом мин 18,4-рэ мэхъу икІи сабий 730-м ират.

2024 гъэм къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий куэд зыщІэс унагъуэхэм я бынхэр сабий садым иратмэ, унагъуэм и хэхъуэр зыхуэдизым емылъытауэ, Іыгъыпщlэм пэкІуэр къратыж. Мы илъэсым щыщу блэкІа мазибгъум къриубыдэу апхуэдэ ахъшэхэр сабий минихым щІигъум я адэ-анэхэм хуагъэкІуэжащ.

Быныбэ унагъуэхэм псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм пэкІуэ ахъшэм щыщи щхьэщахынымкІэ хуитыныгъэ яІэщ. Мы гъэм щІышылэм къыщыщІэдзауэ фокІадэ пщІондэ унагъуэ 8973-м апхуэдэ Іэмал ягъуэтащ, псори зэхэту сом мелуани 134,9-рэ хуэзэу.

Сабий зиІэ унагъуэхэм пособиехэр яхуэгъэувыным къызэщІрагъэубыдэ унагъуэ мини 8,9-рэ. Абы хохьэ зэ тыгъуэу, мазищ къэс зэ е мазэ къэс хухаххэр, компенсацэхэр, нэгъуэщІ социальнэ ахъшэхэр зратхэр.

Апхуэдэуи 2025 гъэм зэрыщІидзэрэ УФ-м и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм сабий мини 134,8-м я адэ-анэхэм, бзылъхугъэ уэндэгъу мини 4,9-м зэ тыгъуэ ахъшэхэр хуагъэуващ.

Зэ тыгъуэ ахъшэхэр ират зи етхуанэ сабийр 2008 гъэм щІышылэм и 1-м нэхърэ мынэхъ пасэу, 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэхърэ мынэхъ кІасэу къалъхуахэм - сом мин 250-рэ, апхуэдэу 2024 гъэм щІышылэм и 1-м иужькІэ етхуанэ бын къызыхэхъуахэм - сом мин 500 ират.

Мыхэр сабий зиІэ унагъуэхэм зэрызыщІагъакъуэ Іуэху нэхъыщхьэхэрщ.

Мы унэтІыныгъэм зэпымыууэ зехъуэж икІи псэукІэр егъэфІэкІуэным, сабий нэхъыбэ къалъхуным, апхуэдэу щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным, узыншагъэр хъумэным пыщІа Іуэхухэр нэхъ тынш щІыным хуэгъэпсащ.

● ХъыбарегъащІэ

# ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щІыпІэ ущыІэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкІэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кІэщІ дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икІи къебгъэхьын папщІэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цІэ унэцІэмрэ хэщІапІэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкІэ къыдэкІ газет закъуэм адэкІи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

КІуэ пэтми Іэмалыщlэхэр ди гъащІэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщІэ икІи тынш къытщащІу. Мы куар-кодыр къэбгъэсэбэпу

● Узыншагъэ

# Пыхусыхум зыщыдвгъэхъумэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым гриппым зэрыщахъумэ хущхъуэхэр цIыхухэм хаIун щыщIадзащ.**

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм республикэм исхэр пыхусыхум щыхъума хъун папщIэ, зыхуэныкъуэну хущхъуэхэмкIэ къызэригъэпэщащ. КъБР-м кърагъэшащ вакцинэ 144360-рэ: балигъхэм папщIэ «Совигрипп» вакцинэм и хэIугъуэ 29140-рэ, сабийхэмрэ цIыхубз уэндэгъухэмрэ папщIэ «Ультрикс Квадри» вакцинэм хуэдэу 89740-рэ, сабий нэхъ цIыкIухэм папщIэ «Флю-М» вакцинэу 480-рэ. Щхьэж щыпсэу щIыпIэм пэгъунэгъу медицинэ Iуэхущ IапIэм мастэ щызыхригъэIу хъунущ.

УФ-м и санитар дохутыр нэхъыщхьэм и унафэм ипкъ иткIэ, вакцинацэм цIыхубэм я процент 60 къызэщIиубыдэн хуейщ, нэхъ зыхуэсакъыпхъэхэр процент 75-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщщ егъэджакIуэхэр, медицинэм и лэжьакIуэхэр, пенсионерхэр, уз зэуэлIэрейхэр, куэд щIауэ сымаджэхэр, сабий цIыкIухэр.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

# Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ мащIэщ

**Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм и Ипщэ управленэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и шыщхьэуIум щIыналъэм щыщыIэ инфляцэр, илъэс пIалъэкIэ къэгъэлъэгъуауэ, къызэтеувыIащ икIи проценти 7,48-рэ хъуащ - бадзэуэгъуэм ар процента 8,19-м тетащ.**

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, ди республикэм инфляцэр щынэхъ цIыкIущ Кавказ Ищхъэрэми (процента 7,52-рэ) Урысей Федерацэм ику иту щыщыIэхэми (процента 8,14-рэ) нэхърэ. КъапщытэжпIалъэм къриубыдэу псом хуэмыдэу зи уасэм хэщIар пхъэщхьэмыщхьэхэращ - процент 13,3-кIэ. Ар къызыхэкIар мы гъэм кърахьэлIэжахэр сату щIыпIэхэм зэрыщыкуэдарщ.

ХадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ ящыщу - кIэртIофым, пхъым, бжьыным, жэгундэм, жызумым, къэбыстэм, бэдрэжаным, шыбжийм я уасэхэм зыхэпщIэу кIэрыхуащ. ДжэдыкIэм и уасэри зымащIэкIэ ехащ, республикэм къыщрахым и куэдагъым зэрыхэхъуам и фIыгъэкIэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, къэралым и щIыналъэхэми джэдыкIэр нэхъ пуд щыхъуащ.

Апхуэдэуи, язынықъуэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэми кIэрагъэхуащ. Псалъэм папщIэ, щIэупщIэр нэхъ мащIэ зэрыхъуам къыхэкIыу, Кърымымрэ тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм зыщызыгъэпсэхунухэм щхьэкIэ путевкэхэр нэхъ пуд хъуащ - абыхэм я уасэхэм процент 23,5-кIэ кIэрыхуащ.

Мыдрейуэ, а пIалъэм къриубыдэу, ерыскъыхэкIыу щымыт хьэпшыпхэм, псалъэм и хьэтыркIэ, джэдыгухэм, я уасэхэм хэхъуащ. Апхуэдэу щыхъукIи, телевизорхэр иджыпсту къэпщэхуну нэхъ фейдэщ.

Экспертхэм зэрыжаIэмкIэ, банкхэм я кредитхэм я процент ставкэхэр иджыпсту зэрыиным къыхэкIыу, цIыхухэм я ахъшэр нэхъ хъума мэхъу, кредиту ятым и куэдагъми кIэроху. Абыхэм куэдкIэ елъытащ щIыхуэкIэ къащэху хьэпшыпхэм яIэ щIэупщIэр зыхуэдэр.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Гу зылъытапхъэ

# Зыгъэсэныгъэхэр зэфIэкIащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабым, зэраубзыхуам тету, 2025 гъэм фокIадэм и 25-м иригъэкIуэкIащ терроры пэщIэтынымкIэ зыгъэсэныгъэхэр.**

ТЕРАКТ къэхъуа нэужь ялэжь хабзэ Iуэхухэр зэфIагъэкIащ, а щIэпхъаджагъэм пэщIэтыныр зи къалэн IэнатIэхэр апхуэдэхэм деж зэрыхуэ щытыкIэхэм иту ящIэн хуейхэм зэрыхуэхьэзырыр къапщытащ.

Зыгъэсэныгъэхэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ УФСБ-м, МВД-м, къэралым СледствэмкIэ и комитетым и управленэм, МЧС-м, Урысей гвардием я лIыкIуэхэр.

Оперативнэ штабым теракт къэмыгъэхъуным, апхуэдэ ялэжь хъужыкъуэмэ, абы къэрикIуэхэр гъэмэщIэным хуэгъэпса Iуэхур зэфIихащ.

Зыгъэсэныгъэм хуагъэува къалэнхэр гъэзэщIа хъуащ.

*КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.*

● Пщэдей Адыгэ фащэм и махуэщ



# Дызэрыгушхуэщ, дызэрыпагэщ

**Адыгэ фащэм и махуэм ирихьэлIэу тыдодзэ ЩIДАА-м и академик, Кавказым и республикэ псоми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЮНЕСКО-м щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэхэм хэт, Дунейпсо Арт комитетымрэ Урысейм и Арт комитетым и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэмрэ я вице-президент, уэрэдус БЕЙТЫГЪУЭН Iэуес и тхыгъэр.**

АДЫГЭ цейр - лъэпкъыр зэрыгушхуэ, абы и лъэщагъыр къэзыгъэлъагъуэ, цIыхухъухэм я лIыгъэм щыхьэт техъуэ фэилъхьэгъуэщ. Ар фэилъхьэгъуэ къудейкъым, атIэ гъуэгуанэ кIыхь къэзыкIуа лъэпкъым и щэнхабзэм и тхыдэм щыщ Iыхьэщ. АбыкIэ къыдогъэлъагъуэ къыддекIуэкI хабзэ дахэхэм дызэрыхуэпэжымрэ дуней псом ди гур зэрыхузэIухамрэ. Цейм кIуэ пэтми, зэманым декIуу зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтами, и пкъыр ихъумэжащ. Ди лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщу къалъытэ адыгэ фащэр Кавказым ис лъэпкъ псоми, къэзакъхэри хыхьэу, ягу дыхьэу къызэдащтащ. Абы дрипагэн, дригушхуэн хуейщ - ар и нэщэнэщ фащэм и дахагъымрэ фIагъымрэ нэгъуэщI лъэпкъхэри къызэрыдихьэхам. Ди фащэр екIут, сыт и лъэныкъуэкIи, тыншт икIи Iуэхугъуэ куэдым хуэщIат. Кавказым щыпсэу лъэпкъ куэдым я фэилъхьэгъуэ хъуа къудейм къыщымынэу, Урысейм и зауэлI къимыкIуэт куэдым я щыгъыныгъуэ хъуащ ар. Лермонтовым удихьэхыу итхыжат, фащэм и мызакъуэу, цей зезыхьэхэм яхуиIэ еплъыкIэр: «ЗауэлIхэм я фащэ телъыджэм къигъэлъагъуэрт цIыхум и дуней тетыкIэр, хьэл-щэнхэр, и хъуэпсапIэхэр. Ар зезыхьэ псори а фэилъхьэгъуэм хуэфащэу щытын хуейщ. Адыгэ зауэлIхэм я цей зехьэкIэмрэ абы хуаIэ щытыкIэмрэ щыхьэт техъуэрт ар зауэлI фащэу, псом япэу ар и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытым. Iэпкълъэпкъыр имыкъузу, хуэфIу щытын хуейт ар».

Кавказ зауэм и зэманым ятха тхыгъэрэ сурэту дэфтэрхэм къыхахыжахэр щыхьэт тохъуэ зауэлI цIэрыIуэхэмрэ дзэпщхэмрэ шэ зытехуа цей фаджэхэр ящыгъыу зэрыщытам. ЗауэлIхэм я апхуэдэ теплъэр щыхьэт техъуэрт я дуней тетыкIэм. ГъэщIэрэщIа цеищIэ зезыхьэ щIалэхэм фIы хужаIэртэкъым. Хъан-Джэрий итхыжат щыгъыныфIкIэ ерыщу щытыныр адыгэхэм къемызэгъыу къалъытэу, къабзагъэмрэ зэкIэлъыкIуагъымрэ япэ ирагъэщу зэрыщытар. Уэркъхэм нэхърэ пщылIхэр нэхъыфIу щыхуэпа урихьэлIэрт. Абы и щхьэусыгъуэр Адыгэ хабзэмкIэ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я хьэлэлагъыр къагъэлъэгъуэн хуейт, япэу лъаIуэм я фэилъхьэгъуэр иратт, псалъэм папщIэ. Адыгэхэм я щыгъынхэр плъыфэбэу, нэгъуэщIхэм къыхэщу щыттэкъым. ЦIыхухъу адыгэ фащэхэм я щэкIхэр зы плъыфэт, плъыфищым щIигъу щызэхаухуанэр зэзэмызэххэу.

Лъэпкъым и зыхуэпэкIэр, и щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ пкъыгъуэщ щыгъыныр. Абы кIэрылъ Iэмэпсымэхэм, ар зезыхьэм и зыIыгъыкIэм укIэлъыплъмэ, и дуней тетыкIэм, къызыхэкIам теухуа куэд «къыбжаIэ». ЦIыхухъу щыгъыныр - щIагъщIэлъ, хьэзырылъэхэр зыщIыгъу цей, къэптал, джанэ, гъуэншэдж, бгырыпх, хъурыфэ е упщIэ пыIэ, лъей, лъахъстэн вакъэ е шырыкъу лъапщэ кIыхьхэр, (щIымахуэм упщIэ лъей, Iэфэ вакъэ), лъейхэр е лъапэ фIэту ящIырт, е лъэгупскIэ ирагъэубыдырт, къыдэмыкIуеин щхьэкIэ. ЯпэщIыкIэ хьэзырхэр фэм къыхэщIыкIа къэлътмакъ цIыкIухэм щахъумэу щытащ. Иужьым, и бгъитIым хуэзанщIэу цейм хуэщIауэ иIэ жып плъыжьхэм иралъхьэу хуежьащ, хуей щыхъукIэ псынщIэу къызэращтэным хуэдэу. Зэман дэкIри, хьэзырылъэхэр цейм и щэкIым къыхащIыкI хъуащ. ЩIымахуэ щыгъыну цIыхухъухэм хуадырт джэдыгу зэмылIэужьыгъуэхэр: тенджэдыгу, дыгъужьыфэ джэдыгу (мыр зыхуащIым езым и зы гъащIэмкIэ игъэлэжьэфу къэхъутэкъым, зэман кIыхькIэ яхурикъурт, джэдыгу бгы-лалэ (тулуп). ЦIыхухъу фащэм тхыпхъэ ирахьэлIэртэкъым, кхъуакIэхэмрэ Iэщхьэхэмрэ уагъэкIэ къадыхьт армыхъумэ. ГъущIыкIэхэм къыхэщIыкIа щIыIухэр адыгэ цIыхухъухэм ядэртэкъым, дыгъэм е мазэм пэлыдмэ, нэщанэ зэрыхъум папщIэ. Апхуэдэхэр нэхъ зэзыхьэлIэр бзылъхугъэхэрат. ГъущIыкIэ щIыIу цIыхухъум хурадэн хуей хъуми, ар щэкIкIэ къадыхьыжырт е IуданэкIэ къаухьыжырт.

Кавказымрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ исхэм я хъуэпсапIэт адыгэ Iэщэ-фащэрэ адыгэшрэ зэрагъэпэщыну, адыгэ пщащэ щхьэгъусэ ящIыну. Художник Iэзэхэу Дейк Ван, Врубель М., Рубо Ф., нэгъуэщI куэдми адыгэ бзылъхугъэхэм я дахагъэр къызэрыщ сурэтхэр ящIащ. Апхуэдэу, адыгэ цIыхубзхэм я дахагъэм теухуа усэхэр ятхащ Пушкин А., Бальмонт К., Лермонтов М., Заблоцкий Н., Байрон Дж., Долматовский Е., нэгъуэщIхэми. Я дахагъэм къыдэкIуэу, адыгэ пщащэхэм гъэсэныгъэ екIу, укIытэ, хабзэ яхэлът. КъызэралъытэмкIэ, тыркухэм адыгэ хъыджэбзхэр ящэхуурэ я лъэпкъыр ирагъэфIэкIуащ. Урыс пащтыхь Грозный Иван IV щхьэгъусэ хуэхъуат Къэбэрдеипщ Темрыкъуэ Идар ипхъу Гуащэней (Марие).

XVI лIэщIыгъуэм адыгэхэм япэгъунэгъуу Тэрч Iуфэм щетIысэха къэзакъхэм къагъэсэбэпурэ, «черкеска» псалъэр урысыбзэм хыхьащ. Зэгъунэгъуу зэрыпсэум къыдэкIуэу, дзэм къулыкъу зэрыщызэдащIэр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ абыхэм адыгэ фащэр къащтэным. Ди Iэщэ-фащэм щIыгъуу, адыгэ зауэлIым и лIыгъэри къэзакъхэм зыхалъхьэу къалъытэрт. XIX лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэм цейр Кавказым щыпсэу къэзакъхэм я зауэлI фащэ хъуат. Абы и ужь иту ди лъэпкъ фащэр урыс зауэлIхэм, пащтыхь Романовхэ я унагъуэм къащтащ.

2012 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм фокIадэм и 28-р Адыгэ фащэм и махуэу игъэуващ. Дунейпсо Арт комитетым 2018 гъэм дунейпсо щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм хигъэхьащ адыгэ цIыхухъу, цIыхубз фащэхэр икIи реестрым щригъэтхащ. 2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр Париж кIуащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я махуэхэр щрагъэкIуэкIа «Кавказыр Урысейм и налкъутналмэсщ» Iуэхум хыхьэу икIи Хъурей Жаннэ игъэхьэзыра адыгэ цIыхухъу, цIыхубз фащэхэр ЮНЕСКО-м и музейм тыгъэ хуащIащ, а IуэхущIапIэр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Арт комитетым ирегъэкIуэкI «И хоть по мне черкеска сшита, всему Кавказу подошла» дунейпсо фестивалыр. Ар лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм зезыгъэужь, зэпыщIэныгъэхэр зыгъэбыдэ Iуэху дахэ хъуащ. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ иныр къызэрыщахьрэ илъэс 80 зэрырикъур щыдгъэлъапIэм ирихьэлIэу мы фестивалым и пщIэр нэхъри хохъуэ, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и зауэлI щхьэмыгъазэхэр цей ящыгъыу Хэкум и къыщхьэщыжакIуэу абы зэрыхэтам папщIэ. Мы гъэм а дунейпсо фестивалыр щрагъэкIуэкIынущ Лэскэн щIыналъэм.

- ДэркIэ пщIэшхуэщ мыхьэнэ зиIэ мы фестивалыр ди щIыналъэм къызэрыхуагъэфэщар. ЩIалэгъуалэр шуудзэм щIыхь зыпылъ я гъуэгуанэм хэдгъэгъуэзэным къыдэкIуэу, адыгэ фащэм и тхыдэ телъыджэр, дуней псом щалъытэ ди щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр едгъэщIэнымкIэ IэмалыфIщ. Апхуэдэ зэхыхьэхэр зэныбжьэгъугъэр езыгъэфIакIуэщ, - жиIащ Лэскэн щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Насып Люсенэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ Кавказым, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэувэнымкIэ мы махуэшхуэр зэрыщхьэпэр, адыгэхэм я тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэм, анэдэлъхубзэм я гупэр хуагъэзэж зэрыхъуар зэрыфIыр, лъэпкъ фащэм блэкIари, нобэри, къэкIуэнури зэрызэпищIэр.

*Зыгъэхьэзырар* **БЖЬЫХЬЭЛI Розэщ.**

# Нобэ Туризмэм и дунейпсо махуэщ

## Слъэгъуахэм сатхьэкъуат

**УФ-м и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ:**

«Икъукlэ псэр зыхьэху щIыпIэщ. Къызэрымыкlуэу республикэ дахэщ. Сэ абы мызэ-мытlэу сыщыIащ. Куэдрэ сыкlуащ. Лыжэкlэ къыщызжыхьащ мыбы и бгы телъыджэхэм.

Сощlэж япэу сыщыкlуам щыгъуэ ар къызэрысщыхъуауэ щытар. Бгым сыдэкlа нэужь, зыкъэсплъыхьащ: дыгъэр гуаклуэу къепсырт, уафэр къащхъуэт икlи арыххэу, гупсысэ къызэрыгуэкlхэм си щхьэр хуэкlуащ. Сыкъэзыухъуреихь телъыджэ псом сеплъри, мыпхуэдэу сегупсысащ: нэхъапэlуэкlэ мыр сыту зэзмыгъэлъэгъуарэт. Икlи, сыту фlыт, гъащlэр апхуэдэу къекlэрэхъуэкlыу, мы щIыпIэм иджыпсту сызэритыр. Сэ сатхьэкъуащ фи щIыпIэ дахэхэм, республикэм, мыбы япэу сыкъыщыкlуам слъэгъуауэ щытахэм я фlыгъэкlэ».

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек:

## ЩIыналъэм и турист, курорт IэнатIэхэм я зэфIэкIыр нэхъыбэжщ

«Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщу щIэупщIэ нэхъ ин зиIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризмэр яхохьэ. Дызэрыт илъэсым и япэ мазихым, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ, ди деж къэкIуа туристхэм я куэдагъым процент 14,8-кlэ хэхъуащ – цIыху мин 900-м щIигъу республикэм къригъэблэгъащ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ, а лъэхъэнэм къриубыдэу ди хьэщIэщхэм зыщезыгъэпэтхахэми я бжыгъэм процент 14-кlэ зэрыхэхъуар, абыи къегъэлъагъуэ хьэщIагъэ зехьэнымкIэ индустрием жыджэру зэрызиужьыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэр, хабзэ зэрыхъуауэ, къыхах Мэзкуу къалэм, Мэзкуу областым, Санкт-Петербург къалэм, Краснодар крайм щыпсэухэм, ди гъунэгъу щIыналъэхэм. Апхуэдэу щытми, ди деж ущрихьэлIэнущ Урысейм и дэнэ щIыпIэкIи къикIа хьэщIэхэм – Калининград деж къыщыщIэдзауэ Владивосток нэсыху щыщхэм.

Экспертхэр зэреплъымкIэ, туристхэм ди республикэр нэхъ къыщIыхахыр зыгъэпсэхупIэхэм транспорт-хэмкlэ тыншу уззэрыкlуэфырщ, нэгъуэщI щIыпIэхэм яйм хэмыгъуэщэн, щIыналъэм и теплъэ телъыджэхэр, щIыпIэ зэхуэмыдэхэр зэрыдиIэрщ, турист лъагъуэхэр зэрыщыкуэдырщ: бгы-лыжэ гъуэгухэр жыпIэн, альпинизмэр, эко-туризмэр, узыншагъэм щыкIэлъагъэплъ, зыщагъэхъуж курортхэр, абыхэм нэмыщI - ди щIыпIэ дахэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэ беймрэ.

Дауи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэщIэхэм а псом нэхърэ нэхъ лъапIэжу къалъытэр ди цIыхухэр абыхэм гуапэу зэрахущытырщ, ди хьэщIэхуэфIыгъэрщ.

Си гугъэщ, ди щIыналъэм и турист, курорт IэнатIэхэм я зэфIэкIхэм нэсу зыкъызэкъуахын щIадзэ къудейуэ арауэ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

# Къэралхэр зэпызыщIэ IэнатIэ

**ФокIадэм и 27-р Туризмэм и дунейпсо махуэщ. Ар ягъэлъэпIэну къыщыхалъхьауэ щытащ 1979 гъэм Испанием и Торремолинос къалэм щекIуэкIа, Туристхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и зи чэзу зэIущIэм икIи трагъэхуащ а зэгухьэныгъэм и Уставыр къыщащта махуэм. Абы и къалэн нэхъыщхьэу щытри къэралхэм я социальнэ-щэнхабзэ, политикэ-экономикэ Iуэхугъуэхэм туризм IэнатIэм мыхьэнэуэ щиубыдыр зыхуэдэмрэ и зэфIэкIымрэ цIыхухэм егъэщIэнырт.**

**Нобэ къэрали 150-м щIигъум, Урысей Федерацэри яхэту, а махуэм Iуэхугъуэ щхьэпэхэр, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр щрагъэкIуэкI, IэнатIэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэр щагъэпажэ. Нэхъыщхьэжращи, туризмэм цIыхухэр щагъэгъуазэ, ахэр къыдахьэх.**





### Туристхэм я жэнэт

Шэч къытедмыхьэми хъунущ Урысей Федерацэм туризмэм нэхъ зыщиужьа щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри зэращыщым - ар зыплъыхьакIуэхэм зыхуей псори щагъуэт щIыпIэу къалъытэ. «Швейцарие цIыкIущ» ди щIыналъэм къызэреджэр. Апхуэдэу щыжаIэм и щхьэусыгъуэхэри мащIэкъым. Сыт и уасэ ди Iуащхьэмахуэ уардэр, Шэджэм псыкъелъэхэр, Гуэл щхъуантIэхэр, Аушыджэр, Безенги, Шэджэм, Дзэлыкъуэ аузхэр, ХьэтIохъущокъуэм и парк Налшык къалэм щыIэр, курортхэмрэ санаторэхэмрэ! Зы сыхьэтми уримыкъунщ, хэт и гъуэгу псори къеббжэкIын щIэбдзэмэ. А псом къадэкIуэу ди деж, зэрыжаIэу, щIымахуэр щыщIымахуэ, гъэмахуэр щыгъэмахуэ щIыналъэщ. Зи, гукъыдэж уиIэмэ, илъэс хъурейкIэ зыщыгъэпсэху - уздэкIуэни зыщыплъыхьыни гъунэжщ. Ахэращ Къэбэрдей-Балъкъэрыр турист кIуапIэ щIэхъуари.

ЖыпIэну урикъунущ 2025 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу ди республикэм турист мин 910-рэ зэрыщыIар. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм къриубыдэу ди деж зыщызыплъыхьа-зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр мин 794,1-рэ хъууэ щытауэ араш.

Ауэ апхуэдиз турист къытхуегъэблэгъэнуи къыщIэкIынтэкъым, иджырей зэманым къигъэув мардэхэм хуэкIуэ, ахэр къыщыувыIэн хьэщIэщ екIухэр ирикъуу щымыIатэмэ. Иджыпсту туристхэр хэплъыхь хъуащ, псалъэ къудейкIи къыхудэхьэхынукъым. Республикэм ар къащыгурыIуэу, щIыналъэм и туризм IэнатIэм и инфраструктурэр илъэс къэс ирагъэфIакIуэ, нэхъыфIыж ящI зэпытщ.

ГурыIуэгъуэщ, псынщIэу зызыхъуэж зэманым удекIун папщIэ, гъащIэм къигъэув мардэхэм уапэлъэщын зэрыхуейр. Псалъэм и хьэтыркIэ, псынщIэу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпхыж, бгъэIэпхъуэ хъу «модульнэ» хьэщIэщхэр нэхъыбэу яухуэ хъуащ, турист нэхъыбэ кърагъэблэгъэфын папщIэ. Уеблэмэ апхуэдэ хьэщIэщхэр ухуэным хуэунэтIа инвестицэ пэхуэщIэхэр ягъэзэщIэн щхьэкIэ, къэрал бюджетым къыхэкIыу 2025 - 2027 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 739,1-рэ къыхуаутIыпщынущ. Экспертхэм зэрыжаIамкIи, ди деж къакIуэ туристхэм я бжыгъэр абы нэхъри къыдрищIеинущ.

УФ-м и туризм IэнатIэр ирагъэфIэкIуэн щхьэкIэ ахъшэ нэхъыбэ зыхуаутIыпщыну щIыналъи 10-м ди республикэр хагъэхьащ мы гъэм, ди зэфIэкIыр къалъытэри. Абы ехьэлIауэ лажьэ программэм ипкъ иткIэ, субсидиеу псори зэхэту сом меллард 15 къэралым и щIыналъэ 55-м трагуэшэнущ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, иджыри гъуэлъыпIэ мини 10-м щIигъу зыщIэхуэн хьэщIэщхэр щIыналъэхэм, ди республикэри яхэту, къащыхуэзгъэпэщынущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, КъБР-м нобэ Iэмал иIэщ цIыху мин 19-м нэблагъэ и хьэщIэщхэм зэуэ щIигъэтIысхьэфыну.

Туристхэр къыщызэтеувыIэн, зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпхыж, нэгъуэщI щIыпIэхэм бгъэIэпхъуэ хъу унэхэм хуэдэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псори зэхэту сом мелуан 370-рэ щытрагъэкIуэдащ. Ди къэралым и цIыхухэм я мызакъуэу, хамэ къэралхэми къикIыу ди деж къакIуэхэм я бжыгъэр илъэс къэс зэрыхэхъуэм дызыхуиша мардэхэм ящыщщ ар - хамэ хэкухэм щыкуэдщ тыншыпIэ псори здэщыIэ апхуэдэ псэупIэ псынщIэхэр.

«Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ 21-рэ ярищIылIащ зэхьэзэхуэм хэта, абы щытекIуа IуэхущIапIэхэм, республикэ бюджетым къыхэкIа субсидие ахъшэмкIэ апхуэдэ унэхэр къэщэхунымрэ ди деж ахэр щыгъэувынымрэ теухуауэ. Псом нэхърэ нэхъыбэу модульнэ унэхэр щагъэувыр «Iуащхьэмахуэ» курортырщ, абы иужькIэ щIэупщIэ нэхъ щызиIэхэр Шэджэм аузымрэ Гуэл щхъуантIэхэмрэщ.

Мыдрейуэ, Кавказ.РФ-м и гъэзэщIакIуэ директор ТIымыжь Хьэсэн иджыблагъэ жиIащ хамэ къэралхэм къикIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Iуащхьэмахуэ» курортым къакIуэ туристхэм я куэдагъым хуэдитIкIэ зэрыхэхъуар икIи пандемием ипэкIэ щыIа бжыгъэхэм ар зэрынэсыжар. Хамэ къэралхэм къикIхэм я нэхъыбэр нэмыцхэмрэ итальянхэмрэщ.

«ИкIи ар хьарзынэщ, сыту жыпIэмэ, туризмэм зедгъэужькIэрэ, дэ дыхущIокъу цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэр лъэныкъуэ зэредгъэзэныым, ахэр зэпэгъунэгъу зэрызэхуэтщIыным. Абы нэмыщI, хьэщIэхэм ядогъэлъагъу ди къэралым и мызакъуэу, атIэ Европэми дуней псоми щынэхъыфIхэм ди курортыр зэрахыхьэр. Бгы-лыжэ IэнатIэм зыужьыныгъэ нэс щигъуэтынур къэралымрэ бизнесымрэ щызэдэлажьэм дежщ», - къыхигъэщащ ТIымыжь Хьэсэн.

### ЩIымахуэми гъэмахуэми

ЩIымахуэ блэкIам «Iуащхьэмахуэ» курортым цIыху 501000-м зыщагъэпсэхуащ икIи ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар фIыуэ нэхъыбэщ. КъыжытIэнщи, а зэманым ди деж къакIуэ туристхэм я процент 45-р лыжэрэ сноубордхэмкIэ къэжыхьын зыфIэфIхэрщ, процент 49-р нэгузегъэужьакIуэ, зыплъыхьакIуэ къакIуэхэрщ. ГъэщIэгъуэнращи, лыжэкIэ къэзыжыхьахэм я бжыгъэр ипэ илъэсхэм нэхъыбэу щытамэ, иджы Iуащхьэмахуэ лъапэм зыщызыгъэпсэхуну, я нэгу зыщезыгъэужьыну хуейхэр нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэу щIэхум и щхьэусыгъуэр ди щIыналъэм и турист инфраструктурэр зэрырагъэфIакIуэмрэ зыгъэпсэхуным хуэунэтIа IэмалыщIэхэр жыджэру къызэрагъэпэщ зэрыхъуамрэщ. Мыдрейуэ, гуп-гуп зэрыгъэхъуауэ Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщызыгъэпсэхуну къакIуэхэм я бжыгъэм процент 30-кIэ нэхъыбэ хъуащ мы илъэсым зэрыщIидзэрэ.

«Iуащхьэмахуэ» курортыр гъэмахуэ лэжьэгъуэ зэманым техьащ бадзэуэгъуэм и 7-м щегъэжьауэ. «Гарабаши» станцым удзэшIу кIапсэ гъуэгухэр нобэ туристхэм папщIэ мэлажьэ, экологие лъагъуэу 70-м щIигъу къызэIуахащ. Абыхэм хохьэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ Кавказ.РФ-м къызэригъэпэща «ТекIуэныгъэм и лъагъуэ», «105-нэ пикет» жыхуиIэхэр.

ЖыпIэнурамэ, гъэмахуэми альпинистхэр щыкуэдщ курортым. Абыхэм щхьэкIэ къызэIуахащ метр 3912-рэ хъу лъагапIэм тет «Липрус» хьэщIэщыр. «Приют 11» хьэщIэщри зэгъэпэщыжын мы гъэм щIадзэнущ.

Мы гъэмахуэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэ туристхэм я бжыгъэм, нэгъабэ щыIахэм елъытауэ, процент 15 - 17-кIэ хагъэхъуащ. Республикэм и хьэщIэщхэм я пэшхэм зэпэубыдауэ щытащ, абыхэм я нэхъыбэм хьэщIэхэр къэкIуэным мазищ иIэжу зыщрагъэтх хабзэщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым, адрейхэм емыщхьу, езым и турист унэтIыныгъэхэр иIэжщ, псом япэуи, абыхэмкIэ цIыхухэр къыдахьэх. Абы хохьэ кърущ лъагъуэхэм къыщызыкIухьыну, кърущ задэхэм лыжэкIэ къыщызыжыхьыну зыфIэфIхэр, альпинизмэр, экотуризмэр къыхэзыххэр, псы уэрым къухьэхэмкIэ къехыныр нэхъ къэзыщтэхэр, нэгъуэщIхэри зыхуеинухэмкIэ къызэгъэпэщыныр», - щыжаIащ щIыпIэ министерствэм.

«Ди деж къакIуэ туристхэм я бжыгъэр мелуани 2-м нэдгъэсыну къытпэщылъщ мы гъэм, 2030 гъэм - ар мелуани 2,5-рэ хъун хуейщ», - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэм апхуэдэ къалэн къыщигъэлъэгъуащ икIи къыхигъэщащ, ар зэрагъэзэщIэн Iэмалхэр республикэм зэрыщыIэр икIи абы зэрытелэжьэапхъэр.

Туризм IэнатIэм республикэм и экономикэм хуищI хэлъхьэныгъэм и мыхьэнэр къагурыIуэу, абы гулъытэ хэха щIыналъэм щрат. Ди деж зыщызыгъэпсэхуну, зыщызыплъыхьыну къакIуэ хьэщIэхэм ди щIыпIэм къыщагъанэ мылъкум и фIыгъэкIэ IуэхущIапIэщIэхэр къызэIуах, цIыхухэр лэжьыгъэ IэнатIэхэмкIэ къызэрагъэпэщ, лэжьапIэншэхэм я бжыгъэм кIэроху. Ахэр псори ди зыужьыныгъэм и шэсыпIэщ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

● ФокIадэм и 27-р ГъэсакIуэм и махуэщ



*Сурэтым:* **Нарткъалэ дэт сабий гъэсапIэ №14-м (унафэщIыр Шыбзыхъуэ Индирэщ) екIуалIэ щIэблэм лъэпкъ гъэсэныгъэ етыным хуэгъэпса лэжьыгъэшхуэ дапщэщи ирегъэкIуэкI илъэс 40 хъуауэ а IэнатIэм пэрыт, зи IэщIагъэмкIэ щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ Анимокъуэ Мадинэ.**

# Лъагъуныгъэрэ гуапагъэрэ щытепщэ

**Мы гъэм илъэс 22-рэ мэхъури ди къэралым щагъэлъапIэ ГъэсакIуэмрэ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэмрэ я махуэр. Тхыдэм къыхэбелджылыкI махуэшхуэхэм ящыщ хъуащ къэрал зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэр, псом хуэмыдэу дызэрыт лъэхъэнэм. ЩIэблэр гъэсэныр, щIэныгъэм и лъагъуэм тегъэувэныр зи къалэн нэхъыщхьэ сабий IуэхущIапIэхэм я щытыкIэм иджыри зэ гу лъозыгъатэ а махуэшхуэр УФ-м щагъэуващ 2004 гъэм. А илъэсми ар япэу Iэтауэ щагъэлъэпIащ.**

А МАХУЭШХУЭР фокIадэм и 27-м щIытрагъэхуам щхьэусыгъуи иIэщ. 1863 гъэм и апхуэдэ махуэм Петербург япэ дыдэу къыщызэIуахауэ щытащ илъэси 3 - 8-хэм ит сабийхэм папщIэ гъэсапIэ. ЦIыкIухэр зэрыщаIыгъым, зэрыщагъэджэгум къыдэкIуэу, абыхэм ирагъащIэрт тхэкIэрэ бжэкIэрэ, дыкъэзыухуреихь дунейм теухуа пэщIэдзэ щIэныгъэ иратырт. Урысейм и япэ сабий садхэр зыхуэщIауэ щытар унагъуэ къулейхэм я бынхэрат. Абыхэм я сабийхэр кIуэн папщIэ, адэ-анэм пщIэ щIатырт. 1868 гъэращ япэ пщIэншэ гъэсапIэр къыщызэIуахар. Петербург щаублауэ щыта апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм нэхъыфIу зыщиужьар ди къэралым ЖэпуэгъуэзэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуа нэужьщ. 1918 гъэм къыщыщIэдзауэ гъэсапIэ IэнатIэхэр хъуащ къэралым иригъэкIуэкI егъэджэныгъэ политикэм и зы Iыхьэшхуэ.

XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм ирихьэлIэу ди къэралым а IэнатIэмкIэ щызэтеуват дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа Iуэху зехьэкIэ пэрыт. А лъэхъэнэм екIуэкIа къэхъукъащIэхэм зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэр халъхьащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ псом. Нэгъуэщ хъуащ абы и купщIэри, и теплъэри. Мы зэманым гъэсапIэхэм щызэфIах лэжьыгъэр хуэгъэпсащ махуэ къэс зызыхъуэж, зызыужь гъащIэм декIуфын, пэщIэдзэ щIэныгъэ, гупсысэ хэха, хьэл-щэн зэтет, я ныбжьым елъыта Iуэху еплъыкIэ зиIэ щIэблэ зэчиифIэ къэгъэхъуным.

Ди экономикэр рынок зэхущытыкIэм щыхуэкIуагъащIэм, ди къэралым и сабий гъэсапIэхэм ящыщ куэд зэхуащIыжауэ щытащ, приватизацэ ящIахэри ящэжахэри щыIащ. ЩытыкIэм зэуэ зихъуэжащ къэралым и гупэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум хуигъэзэжа нэужь. 2007 гъэм лажьэу щIидзащ УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Анэ мылъку» программэм. Сабий нэхъыбэ къалъхуным цIыхухэр тезыгъэгушхуэжа а программэм IэужьыфIхэр нэрылъагъу хъуащ илъэс зытIущ дэкIа нэужь. Сабий садхэр зэпэубыда хъуащ, абыхэм кIуэну гукъыдэж зиIэ псоми апхуэдэ Iэмал ямыIэу. Мы зэманым а Iуэхур йофIакIуэ. Абы хуэгъэпсащ «УФ-м и егъэджэныгъэм теухуауэ» къэрал Хабзэр. Абы ипкъ иткIэ сабий псоми Iэмал иратын хуейщ гъэсапIэхэм кIуэну, абыхэм пэщIэдзэ щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщратын папщIэ.

«Егъэджэныгъэ», «Демографие», «Псоми ди зэхуэдэ Iэмалхэр», 2025 гъэм яубла «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» проектхэм, нэгъуэщIхэми япкъ иткIэ, къэралым хьыбэ субъектхэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу мылъку хуаутIыпщ, сабий садыщIэхэр яухуэн, щыIэхэр зэрагъэпэщыжын папщIэ. Ди республикэм иджы щаухуа апхуэдэ гъэсапIэхэм ящыщщ Тэрч къалэмрэ Щхьэлыкъуэ къуажэмрэ дащIыхьа сабий садхэр. А IуэхущIапIэхэм псори зэхэту цIыкIу 280-м щIигъум егъэзыпIэ щагъуэтащ. Къыхэдгъэщынщи, 2025 гъэм къриубыдэу хьэзыр ящIыну я мурадщ цIыхуи 140-м ятещIыхьа сабий гъэсапIэщIэхэу Старэ Шэрэдж, Гундэлэн, Бахъсэн жылэхэм щаухуэхэр. 2030 гъэ пщIондэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ сабий сад 200-м щIигъум я унэхэр.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щолажьэ зи школ кIуэгъуэ нэмысахэм егъэджэныгъэ программэ хэхам тету ядэлажьэ гъэсапIэщIэхэр. Абыхэм щолажьэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, гудзакъэ зиIэ гъэсакIуэхэр, егъэджакIуэхэр. Абыхэм я IэщIагъэм епха махуэшхуэр гъэлъэпIэным хуэгъэпса Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэр мы зэманым щокIуэкI ди щIыналъэм. Апхуэдэщ гъэ къэс къызэрагъэпэщ «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэпеуэр. ГъэсакIуэ нэхъыфIхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр, педагогикэ Iэзагъыр, зэфIэкIхэр наIуэ къыщащI дерс зэIухахэр, я гъэсэн цIыкIухэр зыхэт зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри къыщапщытэ абы, къэрикIуахэри жэпуэгъуэ мазэм и пэщIэдзэхэм хэIущIыIу ящI хабзэщ.

Зи щIэныгъэри зэфIэкIри щIэблэр гъэсэным тезыухуа цIыху псэ къабзэхэм фи IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ ди гуапэу дынывохъуэхъу. Гумрэ псэмрэ къыбгъэдэкI фи лэжьыгъэр псыхэкIуадэ мыхъуу, фхуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ жылагъуэм щывгъуэту Тхьэм фигъэпсэу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● УФСБ-м къет

### «Нэчыхь» яхуригъэтхырт

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ илъэс 52-рэ зи ныбжь, хамэ къэрал щыщ цIыхур хабзэм зэребэкъуар. Ар пыщIат нэгъуэщI къэралхэм щыщхэр Урысей Федерацэм хабзэм къемызэгъыу щыIэныр къызэгъэпэщыным.**

АБЫ Урысейр псэупIэ зыщIыну хуейхэм къахуэзэригъэпэщырт нэчыхь нэпцIхэр хуатхыныр.

КъБР-м и Прохладнэ район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, ар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 322.1-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ икIи къуэды ипшыныну тралъхьащ.

### Хабзэншагъэр къыщIоущ

**Хабзэхъумэхэм къызэпаудащ щIыпIэм щыпсэу цIыхухъуитIым автострахованием ехьэлIауэ ялэжь хабзэншагъэр.**

ЯIЭ хъыбарымкIэ, абыхэм 2023 гъэм и мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ 2024 гъэм и бадзэуэгъуэм пщIондэ, страховой ахъшэр къаIэрыхьэн папщIэ, Налшык къалэм автомобиль зэжьэхэуэ зыбжанэ къыщагъэхъуащ икIи абы пэкIуэ ахъшэр къыIахащ. Абы къурикIуащ сом мелуани 4,1-м щIигъу хэщIыныгъэ.

УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, къэдгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр зылэжьар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIыс.

### Тутын нэпцIхэр ящэрт

**Налшыкдэсхэу Ещтрэч А.Х., Ещтрэч А.Л. контрафакт тутынхэкIхэр щIыналъэм щигъэкIыным зэрыпыщIар къыщIагъэщащ.**

АБЫХЭМ къытрахащ хамэ къэралхэм щагъэхьэзыра тутынхэкI пачкэ 6000, федеральнэ маркэхэмрэ акцизхэмрэ темылъу, апхуэдэуи акциз нэпцIхэр тету.

Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Ещтрэч А.Х., Ещтрэч А.Л. сымэ къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 171.1-нэ статьям и 6-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэр ялэжьауэ, абыхэм тралъхьащ къуэды япшыныну.



# ЩIыналъэ къудамэм и унафэщIыр хах

**КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ «Динамо» урысейпсо физкультурэ-спорт жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм щриплъэжа зэIущIэ. Абы хэтащ Урысей МВД-м и республикэ, район къудамэхэм я унафэщIхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщыпсэлъащ «Динамо»-м и щIыналъэ IуэхущIапIэм и унафэщIу къуэдзэ Джэданэ Залым. Абы зэпкърыхауэ утыку кърихьащ зэфIахахэмрэ ирагъэкIуэкIыну я мурад спорт Iуэхухэмрэ. Къызэрыхигъэщащи, зриплъэжа зэманым «Динамо»-м иригъэкIуэкIащ щIалэгъуалэр узыншэу псэуным, ахэр хэкупсэу гъэсэным хуэунэтIа лэжьыгъэ. Абы къыхилъхьэри, къызэхуэсахэм зэдэарэзыуэ даIыгъащ «Динамо» урысейпсо физкультурэ-спорт жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналэ IуэхущIапIэм и унафэщIу къулыкъум къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав гъэувыныр.

Министрым къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи жиIащ «Динамо» зэщIэхъееныгъэм адэкIи зиужьыным и зэфIэкI зэрырихьэлIэнур.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Еущий зы махуэщ, хабзэ хьэху махуищщ

● Псалъэжьхэр

- **Акъылыр ландыщэщ, гъэсэныгъэр дыщэ жыгщ.**
- **Анэмэтым гъейрэт ухуэмыхъу.**
- **Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс.**
- **Гур кIуэдмэ, лъэр щIэкIыркъым.**
- **Е пщIауэ фIым ущымыгугъ, фIы пщIами ущIэмыфыгъуж.**
- **Еущий зы махуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.**
- **Зызыгъэгусэ Iыхьэншэщ.**
- **Иужь акъыл нэхърэ ипэ акъыл.**
- **Къоджэ нэхъыжьщ.**
- **Нэмыс зэдщымыIэм насыпи щыIэкъым.**
- **Псалъэ щабэ гущабэщIщ.**
- **Уи псалъэ гъэIэси, уи нэмыс гъэбыдэ.**
- **Унэм зыщыгъаси, хасэм яхыхьэ.**

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэхэмрэ ДАХ-м и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт институтым иджырей тхыдэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ **Къэжэр Артур Уэсмэн и къуэм** хуогузавэ и адэ **Къэжэр Уэсмэн Исуф и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу. Ахърэт нэхур Алыхьым кърит.

Суд приставхэм я федеральнэ IуэхущIапIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьакIуэхэр Урысейм и УФССП-м и къудамэу Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэн щIыналъэмрэ щыIэ суд приставхэм я къулыкъущIапIэм и суд пристав-гъэзэщIакIуэ, къулыкъум и лейтенант нэхъыжь **Гуэщокъуэ Аслъэн Руслан и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Гуэщокъуэ Руслан Iэуес и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, фокIадэм и 29

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «УЛИЦА ШЕКСПИРА» (16+)
00.10 «Время героев» (16+)
01.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «АТОМ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

04.50, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ. СУДЬБЫ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ПИН-КОД» (16+)
22.15 Т/с «ДУШЕГУБЫ» (16+)
00.00 Т/с «ДУШЕГУБЫ» (16+)
00.45 Т/с «ОПЕРАЦИЯ «КУКЛОВОД» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «ОПЕРАЦИЯ «ТАЙФУН». ЗАДАНИЯ ОСОБОЙ ВАЖНОСТИ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Д/с «Ступени Победы» (16+)
12.00, 13.25 Х/ф «МАКСИМ ПЕРЕПЕЛИЦА» (16+)
14.20, 15.05, 17.15 Т/с «СОБР» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ДОБРОВОЛЬЦЫ» (16+)
01.15 Х/ф «ДОМ, В КОТОРОМ Я ЖИВУ» (16+)
02.50 Х/ф «ОПАСНЫЕ ТРОПЫ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Д/с «Первые в мире»
07.35 Черные дыры. Белые пятна
08.15 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
08.45 Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.15, 00.15 XX век
12.15 Д/с «Забытое ремесло»
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 Д/ф «Сергей Ожегов. Человек и словарь»
13.50, 02.00 Д/с «Рассекреченная история»
14.20 «Телетеатр. Классика»
15.20 «Агора»
16.30 Д/с «Передвижники»
17.15 Д/с «Забытое ремесло»
17.35 «Рассказы из русской истории»
18.45 Д/ф «Русские. Искусство быть»
19.45 Главная роль
20.05 Д/с «Уроки мастерства»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.50 «Сати. Нескучная классика...»
21.35 «Телетеатр. Классика»
22.35 Х/ф «МЕГРЭ И СТАРАЯ ДАМА» (16+)
01.10 Д/ф «Самые смертоносные вулканы»

### МАТЧ!

06.00 «Тайны звезд спорта» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 09.00, 12.55 Новости
07.05, 11.35, 18.30, 23.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 Лица страны (12+)
09.25 «Команда мечты» (12+)
10.30 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
12.35 «Специальный репортаж» (12+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.40 «Век нашего спорта. Игорь Тер-Ованесян» (12+)
15.20 Громко. Прямая трансляция
16.25 Футбол. «Урал» (Екатеринбург) - «СКА-Хабаровск». Лига Пари. Прямая трансляция
18.45 Хоккей. СКА (Санкт-Петербург) - «Торпедо» (Нижний Новгород). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
21.35 Футбол. «Дженоа» - «Лацио». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
00.50 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
01.55 Футбол. Колумбия - Саудовская Аравия. Чемпионат мира. Молодежные сборные. Прямая трансляция из Чили
04.00 Новости (0+)

## Гъубж, фокIадэм и 30

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «УЛИЦА ШЕКСПИРА» (16+)
00.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «АТОМ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

04.50, 08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ. СУДЬБЫ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ПИН-КОД» (16+)
22.15 Т/с «ДУШЕГУБЫ» (16+)
00.00 Т/с «ДУШЕГУБЫ» (16+)
00.45 Т/с «ОПЕРАЦИЯ «КУКЛОВОД» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «СОБР» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 «Специальный репортаж» (16+)
11.15 «По горячим следам» (16+)
11.30 Д/с «Ступени Победы» (16+)
12.20, 13.25 Х/ф «ДАЧНАЯ ПОЕЗДКА СЕРЖАНТА ЦЫБУЛИ» (16+)
14.20, 15.05, 17.15 Т/с «СОБР» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «МЕДОВЫЙ МЕСЯЦ» (16+)
01.10 Х/ф «ДАЧНАЯ ПОЕЗДКА СЕРЖАНТА ЦЫБУЛИ» (16+)
02.25 Х/ф «ДЕВУШКА С ХАРАКТЕРОМ» (16+)
03.50 Т/с «СОБР» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.15 Д/с «Уроки мастерства»
07.45, 13.00 Д/ф «Самые смертоносные вулканы»
08.45 Х/ф «ЛИЧНОЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, 00.10 XX век
12.45 Новости. Подробно. Книги
13.55, 02.10 Д/с «Рассекреченная история»
14.20 Х/ф «МЕГРЭ И ЧЕЛОВЕК НА СКАМЕЙКЕ» (16+)
15.45 «Сати. Нескучная классика...»
16.30 «Эрмитаж»
17.15 Исторические концерты
18.15 Д/ф «Роман в камне»
18.45 Д/ф «Русские. Искусство быть»
19.45 Главная роль
20.05 Д/с «Уроки мастерства»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.50 Искусственный отбор
21.30 «Белая студия»
22.30 Х/ф «МЕГРЭ И СТАРАЯ ДАМА» (16+)
01.15 Д/ф «Почему вымерли неандертальцы?»
02.40 Д/с «Забытое ремесло»

### МАТЧ!

06.00 «Тайны звезд спорта» (12+)
06.30 «Наши иностранцы» (12+)
07.00, 09.00, 12.55, 16.50 Новости
07.05, 11.35, 16.55, 20.00, 22.30 Все на Матч! Прямая трансляция
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 5**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# КупщIафIэщ Руслан и гъащIэр

● ДифI догъэлъапIэ

**Ди республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, КъБР-м литературэм-рэ гъуазджэмкIэ и къэрал саугъэтым и лауреат, режиссёр, оператор, усакIуэ-уэрэдус Тхьэгъэзит Руслан и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуащ.**





ТХЬЭГЪЭЗИТ Руслан Тэрч щIыналъэм хыхьэ Терекскэ (Болэтей) къуажэм 1960 гъэм къыщалъхуащ. ИлъэсипщI курыт еджапIэр абы къыщиуха нэужь, гъукIэм и къуэдзэу лэжьэн щIидзащ. Прохладнэ къалэм щыIэ автошколыр, иужькIэ Культпросветучилищэр къиуха нэужь, дзэ къулыкъум ираджэри, илъэситIкIэ щыIащ. Армэм къикIыжри, пщIэшхуэ зиIэу щыта «Заря коммунизма» къуажэ колхозым япэщIыкIэ водителу, итIанэ Щэнхабзэмкiэ унэм и унафэщIу лэжьащ. Руслан адыгэбзэкIи урысыбзэкIи усэ етх, макъамэ гуакIуэхэри иIэщ.

- Иджыри курыт еджапIэм и 6 - 7-нэ классхэм сыщыщIэсым усэ тхыным сыдихьэхат, макъамэхэри къакIуэу хуежьат. Урысыбзэрт си япэ усэр зытезухуар. Си щIалэгъуэм, иджыри къуажэм дыщыдэсым, жэщ никъуэм зыгуэрхэр си щхьэм къизэрыхьырти, сыкъыщылъэтурэ стхырт. Ди анэ тхьэмыщкIэм жиIэрт: «Руслан, сыт къыпщыщIар? Iэзэ ухъурэ?». Япэ дыдэу уэрэдым и макъамэр си щхьэм къыщизэрыхьам, Iэмэпсымэ схуэгъэIэкIуэлъакIуэртэкъыми, си ныбжьэгъум и деж псынщIэу сыкIуэри, гитарэкIэ аккордхэр ищIри, ттхауэ щытащ. Иужьым, гитарэ еуэкIэ зэзгъэщIащ. Болэтей къуажэм макъамэ Iэмэпсымэхэмкiэ и «Заря» уэрэджыIакIуэ ансамблым, районым щекIуэкI зэхьэзэхуэхэми зи зэфIэкI щеплъыжхэм жыджэру сахэтащ, - жеIэ Руслан.

И лэжьыгъэр ихъуэжын хуей хъури, 1987 гъэ лъандэрэ Налшык къэIэпхъуауэ щопсэу. Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ институтым 1993 - 1998 гъэхэм режиссёр IэщIагъэм щыхуеджащ. 1989 гъэм телевиденэм операторым и ассистент IэнатIэм пэрыуващ. ИужькIэ оператор нэхъыщхьэ, режиссёр нэхъыщхьэ хъуащ. Илъэс 40-кIэ зыпэрыта а лэжьыгъэм илъэситI ипэкIэ къыIукIыжащ. Мы зэманым КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэ-дзэщ, щэнхабзэм, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм, цIыхубэ зэхуэсхэм я комиссэхэм ядолажьэ.

Тхьэгъэзит Руслан зэгуэрым Бицу Анатолэ и «Анэ» усэр къыIэрыхьащ, игу ирихьри, макъамэ щIилъхьэну мурад ищIат. И Iыхьлы Тхьэгъэзит Зубер и чэнджэщкIэ, Балэ Мухьэдин и деж игъакIуэри, макъамэр дзапэ уэрэду жриIащ, нотэр зэримыщIэм къыхэкIыу. Фортепианэм бгъэдэс Балэм абы щыгъуэ къыжриIат: «Уей, шынэхъыщIэ, мыр гущэкъу уэрэдым хуэдэм. Уи щIэдзапIэм хуэдэу адэкIи Тхьэм дахэ ищI!».

Режиссёр IэщIагъэм хуеджауэ, и диплом лэжьыгъэр щигъэхьэзырым, Лыкъуэжь Нелли и новеллэм къытрищIыкIа «Шырэ» фильмыр трихауэ щытащ, и лэжьыгъэм щиIэ зэфIэкIымрэ щIэныгъэмрэ кърипщытэжыну. Ар тыншу къехъулIат, зэман кIэщIым къриубыдэу. Фильмыр куущ, бзылъхугъэм и гъащIэм, и гупсысэкIэм, къэухьым, дуней тетыкIэм теухуауэ гъэщIэгъуэн куэд къызэщIеубыдэ. ЖыпIэнуракъэ, илъэс бжыгъэ зытекIуадэ фильмыр махуэ бжыгъэкIэ къехъулIат! Кинорежиссёр цIэрыIуэхэу Вэрокъуэ Владимиррэ Къандур Мухьэдинрэ а лэжьыгъэр хуабжьу ягу дыхьат, щытхъу псалъэ гуапи къыжраIат. Къандур Мухьэдин чэнджэщ къритат Iэмал зэриIэкIэ лэжьыгъэр Урысейм, хамэ къэралхэм яхихьэу щигъэлъэгъуэну. Ар адыгэбзэкIи урысыбзэкIи трахащ полнометражнэу. КъыжыIапхъэщ, ди щIыналъэм полнометражнэ художественнэ фильм япэу щытезыхар Тхьэгъэзитыр зэрыарар. УэрэджыIакIуэ Тхьэгъэлэдж Светланэ и уэрэдым и нэтыни япэу трихащ, «Питер Пэн» мультфильмыр япэу адыгэбзэм къизыгъэзэгъари Русланщ.

КъыкIэлъыкIуэу яхэтащ дэфтэрхэр зи лъабжьэ, Iыхьэ зыбжанэ хъу «Черкасские в истории России» фильмыр, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Токъмакъ Светланэ и проекту щытар, тезыхахэм. Ар удэзыхьэх лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн, купщIафIэ зэрыхъуар къалъытэри, абы елэжьахэм къыхуагъэфэщащ КъБР-м Литературэмрэ гъуазджэмкIэ и къэрал саугъэтыр. КIэлъыкIуэу Руслан трихащ «Уасэ лъапIэ», «Хьэтыр» фильмхэр.

Къыхиха IэщIагъэм и адэ-анэр япэщIыкIэ арэзы темыхъуами, иужьым, абы щиIэ зэфIэкIхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ щалъагъум, щыгуфIыкIыжат.

- Псори зытеухуар адэ-анэр дгъэгуфIэнырщ. Быным я зэфIэкIым псом нэхъ иригушхуэри, иригуфIэри ахэращ. Укъэзылъхуахэр къыпхуэарэзымэщ уи Iуэху щыдэкIынур.

Си лэжьыгъэм хыхьэу щIэщыгъуэ куэд слъэгъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, сызытемыува щIыпIэ иIэу къыщIэкIынкъым. ЦIыхухэми гъащIэми теухуа си IэнатIэр сигу дыхьэрт. Гузехуэу сылажьэми, усэ, уэрэд стхыми, сызыхуэпабгъэ гъуазджэмрэ литературэмрэ зэми тIэкIу пэIэщIэ сахуэхъуу, зэми пэгъунэгъу сыхъужурэ сыкъекIуэкIащ. Пэжым ухуеймэ, натIэм къритхам уфIэкIыфынукъым, - жеIэ Руслан.

Тхьэгъэзит Русланрэ Вындыжь Мариерэ зэдатхащ куэдым фIыуэ ялъэгъуа «Дыкъыздэгъафэ» уэрэдыр. Абы и къежьапIэри гъэщIэгъуэнщ. Телевиденэм щыщылажьэм, лъэпкъ къафэхэм ятеухуа нэтын ягъэхьэзырырт, Дыджэш Еленэ и жэрдэмкIэ. Руслан япэ едзыгъуэмрэ ежьумрэ псынщIэу итхащ икIи адэкIэ псалъэр щымыкIуэм, Вындыжь Марие зыхуигъазэри, адрей едзыгъуитIыр къыпищащ. Гуапэщ илъэс 25-рэ ипэкIэ цIыхубэм япхъуэта уэрэдыр ноби зэрызэIэпахыр.

Руслан щалъхуа Болэтей къуажэм уэрэдитI хуитхащ, зыгуэрым и лъэIу мыхъуу, ар и щхьэ къалэн зыщищIыжри. Япэ уэрэдыр и щIалэгъуэм итхащ. ЕтIуанэр - «Болэтей» уэрэдыщIэр - и Iыхьлы Сэбан Сослъэнрэ Наурыз Идаррэ я гъусэу.

- Иджы дыдэ, пщIыхьэпIэм сыздыхэтым, наIуэу си нэгу къыщIыхьащ шыкIэпшынауэ Iэзэ, макъамэ Iэмэпсымэхэр къэзыгъэщIэрэщIэж Еуаз Зубер и хэщIапIэм шыкIэпшынэ щеуэу. «Руслан, мы макъамэхэра жыхуэпIэр?» - жиIэу. ПсынщIэу сыкъэтэджри, диктофоным а макъамэхэр трезгъэтхащ. ЗанщIэу умытхмэ, пIэщIохуж. Нэху зэрыщу Зубер и деж сыпсалъэри, Iуэхур къызэрекIуэкIар щыхуэсIуатэм, и деж сригъэблэгъащ. НэхъапэкIэ абы и деж сыщыIатэкъым. Си нэгу щIэкIа пщIыхьэпIэм хуэдэ дыдэу, шыкIэпшынэр къещтэри и шэнтым тетIысхьэ, дзапэ уэрэду жесIа макъамэм йоуэри, «Тэрч удж» зыфIэсща уэрэдыр дотх. Апхуэдэу гъэщIэгъуэну зэхэтщ мы гъащIэр.

Тхьэгъэзит Руслан курыт еджапIэхэм, библиотекэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIалэгъуалэм щахуозэ, и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ ирегъэдаIуэ, и фильмхэм щахутопсэлъыхь, анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр хъумэным, гъэсэныгъэм, адэ-анэхэм яхуэгумэщIэным, нэхъыжьхэм пщIэнэмысрэ гулъытэрэ яхуэщIыным теухуауэ еущий.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ, дыгъуасэ Тхьэгъэзит Руслан и юбилей пшыхь щекIуэкIащ Тэрч къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Пщыхьэщхьэр зыгъэдэхахэм ящыщщ республикэм и артистхэу Хьэтыхъу Эдуард, Бэрэгъун Марианнэ, Хъыжьрокъуэ СулътIан, Лий Аслъэн, Зеушэ Iэуес, Мэремыкъуэ Резуан, Мэремкъул Ибрэхьим, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Сэлам Арчил, Мысрокъуэ Рустам, Мэзыхьэ Анастасие, Хочуевэ Екатеринэ, Еуаз Зубер, Тхьэгъэзит Оксанэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Пшыхьым уэрэд 21-рэ щагъэзэщIащ, псалъэри макъамэри Руслан ейуэ. Абы щыщу 18-р япэу утыку кърахьащ. КъимыдэкIэ, хагъэхьащ Бицу Анатолэ и псалъэхэр зыщIэлъ «Анэ» уэрэдыр, Вындыжь Марие дитха уэрэдитIыр. КъищынэмыщIауэ, Руслан и IэдакъэщIэкI усэхэми абы къыщеджащ.

Бэлагъы Любэ иригъэкIуэкI «Голоса Родины» урысейпсо зэпеуэм Руслан иригъэхьащ и «Курпские высоты» уэрэдыр. И усэхэр щызэхуэхьэса тхылъ къыдигъэкIыну и мурадщи, Тхьэм къригъэхъулIэ! Абы зэрыжиIэмкIэ, и усэхэмрэ уэрэдхэмкIэ зы цIыху закъуэ нэхъ мыхъуми игу нэсмэ, насыпу къелъытэ.

Русланрэ и щхьэгъусэ Мадинэрэ адыгэ унагъуэ дахэ зэдаухуащ. Абыхэм пхъуищ (Маринэ, Заирэ, Масирэт) яIэщ. Зэшыпхъухэм я нэхъыжь Маринэ филологие факультетыр къиухащ, Заирэрэ Масирэтрэ сурэт щIыным дахьэх, КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжым щеджащ. Зэщхьэгъусэхэм я гурыфIыгъуэщ къащIэхъуа пхъурылъхухэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 27,** *щэбэт*

♦**Туризмэм и дунейпсо махуэщ**
♦**ГъэсакIуэхэмрэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щапI IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я махуэщ**
♦**1933 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэщхъуэжь Раисэ**.
♦**1965 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Къущхьэбий Анзор**.
♦**1967 гъэм** къалъхуащ модельер цIэрыIуэ, химие щIэныгъэхэмкIэ кандидат **ХьэцIыкIу Мадинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, махуэм хуабэр градуси 9 - 11, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 28,** *тхьэмахуэ*

♦**Адыгэ фащэм и махуэщ**
♦**ХьэщхьэрыIуэ узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Къэрал хабзэм теухуа щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м и Атом промышленностым и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**1931 гъэм** къалъхуащ конструктор-модельер, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **СтIащ Юрэ**.
♦**1951 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Дагъыстэнми Ингушми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бейтыгъуэн Iэуес**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 15, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 29,** *блыщхьэ*

♦**Гум и дунейпсо махуэщ**
♦**ТхьэкIумэ, пэ, тэмакъ узыфэхэр зэуэлIахэр зыгъэхъуж дохутырым и дунейпсо махуэщ**
♦**1807 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ, дзэ къулыкъущIэу щыта **Къаз-Джэрий СулътIан**.
♦**1921 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Хьэбэчыр Умар**.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ кхъухьлъатэзехуэ, генерал-лейтенант, Сирием и лIыхъужь **Абазэ Мамдухь**.
♦**1960 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Быдэ Хьэсэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**УзэлъэIур щIагъуэ мэхъу.**

# Къалэн пыухыкIахэр

**Республикэм и прокурор Хабаров Николай и унафэм щIэту екIуэкIащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм я зэIущIэ. Абы хэтащ УФСБ-м, МВД-м, Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэм, ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэм, УФСИН-м, Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм я унафэщIхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ, прокуратурэм и аппаратым, апхуэдэуи республикэм и къалэ, район прокуратурэхэм я лэжьакIуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ террор шынагъуэмрэ экстремизмэмрэ пэщIэтыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIахэм, дин зэмыщхь зезыхьэхэм яку зэгурыIуэныгъэ илъыным, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, экстремизмэм пэщIэтыным ехьэлIа Iуэхухэр къэрал властым и IуэхущIапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ зэгъэуIуауэ щIалэгъуалэм еджапIэхэм щыдрагъэкIуэкIыным.

КърикIуахэр къызэщIакъуэжри, а Iуэхум ехьэлIа лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа унафэ къащтащ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм къалэн пыухыкIахэр хуагъэуващ.

**УАРДЭ Жантинэ.**



# Тхыдэм къыхэна лІэужьыншэ



**Черкасский Алексей 1680 гъэм фокІадэм и 28-м Москва къыщалъхуащ. Урысей тхыдэм лъагъуэшхуэ къыхинащ абы, ауэ езыр лІэужьыншэ хъуат. ЗэрыжаІэжымкІэ, канцлер ин Черкасский Алексей нэхъ къулей къэралым исакъым, и пщІэр лъагэт, пащтыхьым дзыхь къыхуищІырт, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Черкасскэ лІакъуэм и иужьрейт. А зэманым псэуа, Алексей къыдэлэжьа къулыкъущІэхэм къызэранэкІа гукъэкІыж тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымкІэ, ар псалъэрейтэкъым, цІыху зытетт, щэхут, дэнэ щыІами, сыт хуэдэ ІэнатІэ зрихьами сакъырт.**

ЧЕРКАССКИЙ Яков къыщІэна мылъкур къызыхуэна Алексей илъэс 20 хъуху Москва щыпсэуащ. Ар, къапщІэу, нэхъ къулей хъуат Петр Алексеевич пащтыхьым и благъэ щхьэгъусэу къыщишам, ауэ илъэсищ зэдэпсэуауэ и фызыр дунейм ехыжащ. Абы щыгъуэ Алексей илъэс 26-рэ хъууэ арат. 1702 гъэм Алексей ягъакІуэ и адэ, тобольск дзэпщ Михаил дэІэпыкъуну, икІи илъэси 10-кІэ къулыкъу зэрехьэ. А зэманым къриубыдэу сыт хуэдэ ІуэхугъуэкІэ Алексей зыкъигъэлъэгъуа жыпІэмэ, абы иухуащ Броннэ слободар. Алексей и адэр дунейм ехыжа нэужь, 1712 гъэм, ар пащтыхьым ириджэжри, абы и Іэпыдзлъэпыдзу щытащ.

1714 гъэм щегъэжьауэ Черкасскэр щылэжьащ къалэ канцелярием. Петербург щаухуэм щыгъуэ, Петр I абы унафэ къыхуищІат нэхъ Іэзэ дыдэу Москварэ къинэмыщІ щІыпІэхэмрэ къыщигъуэту ІэщІагъэлІ 458-рэ къалащхьэм елэжьыну къришэлІэну. КъищынэмыщІауэ, илъэс 20 нэхърэ мынэхъыжьу щІалэщІэ 15 къигъуэту, коммерцэ щІэныгъэхэр ирагъэджын папщІэ хамэ къэралыгъуэхэм ягъэкІуэну. Алексей къыхуащІа унафэхэр псынщІэу, нэсу зэригъэзащІэу щытам и щыхьэтщ къыкІэлъыкІуэ гъэм ар Петербург щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм кІэлъыплъыну обер-комиссар зэращІар. А къулыкъум тетащ Черкасскэр 1719 гъэ пщІондэ. А зэманым шэдылъэхэр ягъэгъущыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ ирилэкІуэкІащ. Абыхэм Петропавловскэ быдапІэр трагъэщІыхьащ, сымаджэщхэр, еджапІэхэр, Петергоф хуэдэ уардэунэхэр щаухуэн щІадзащ Петербург.

Къыхэгъэщыпхъэщ къалащхьэм щекІуэкІ лэжьыгъэм теухуа тхыгъэхэр щІэх-щІэхыурэ игъэхьэзырурэ пащтыхьым и пащхьэ ирилъхьэу зэрыщытар. Петр Алексей и лэжьэкІэмкІэ хуабжьу арэзыт, игъэныбжьэгъут, уеблэмэ пащтыхьыр шэджэгъуашхэ ищІыну еблагъэрт абы и деж. Арами, Петр зэи хиІэтыкІакъым Черкасскэр - 1712 - 1719 гъэхэм къриубыдэу поручик нэхърэ нэхъыщхьэ цІэ иІакъым Алексей.

1719 гъэм Петр I и унафэкІэ Черкасский Алексей Сыбырым и губернатору ягъэуващ. Урысейр а зэманым губернэу 8-т зэрыхъур, икІи щІыпІэ нэхъ ин дыдэхэр къызэщІиубыдэрт. Сыбырым губернатору щыІа Гагариным мылъкур зэхидыгъыжати арат Черкасскэр щІагъэкІуар. Пащтыхьым абы дзыхь къыхуищІырт, къызэрыхуэпэжыр, зэрымынэпсейр ищІэрт, къищынэмыщІауэ, Алексей Сыбырыр фІы дыдэу иціыхурт.

ИлъэситхукІэ Сыбырым и тету зэрыщыІам къриубыдэу, Черкасскэм а щІыналъэр башкирхэмрэ монголхэмрэ щихъумащ. Зэ ІупІлъэгъуэкІэ Алексей и къалэным пэлъэщырт, ауэ ар «и пІэ имысу, нэгъуэщІ зыгуэрым нэхъыфІыжу пэлъэщыну» къащыхъурт Черкасскэр фІыуэ зыцІыхухэм. Де Генин генерал-майорыр пащтыхьым щхуу хуэтхэу щытащ, Черкасскэм теухуауэ. «Мы щІыпІэм узэрыщымыІэр, къыщекІуэкІыр уи нэкІэ зэрумылъагъум сегъэнэщхъей. Пэжщ, губернатор Черкасскэр цІыхуфІщ, ауэ хахуэкъым, ткІиягъ хэлъкъым. Губзыгъэщ, цІыху пэжщ, ауэ щэхуІуэщ. ДэІэпыкъуэгъу хуейуэ къысщохъури, зыгуэр къыхуэбгъэкІуэну е губернаторыр зэпхъуэкІыну утегушхуэмэ, Матюшкин е Ушаков хуэдэхэр нэхъ пэлъэщынут а ІэнатІэм», - итщ апхуэдэ зы тхыгъэм.

1724 гъэм щІышылэм и 15-м Пащтыхьым унафэ къыдигъэкІащ «Долгорукий Михаил Черкасскэм и пІэкІэ Сыбырым губернатору зэригъакІуэмкІэ». Апхуэдиз илъэскІэ Сыбырым щигъэзэщІа лэжьыгъэм пэкІуэу, Алексей Черкасскэм чэнджэщэгъу къулыкъур къыхуигъэфэщащ пащтыхьым.

1724 гъэм Алексей Сыбырым къикІыжу гъуэгу тету сымаджэ хьэлъэ хъури, Москва зыщиІэжьэн хуей хъуат. Зыкъиужьыжу Петербург къыщысыжам, щІышылэм и 28-м Петр I-р дунейм зэрехыжар къищІащ. Абы ирихьэлІэуи иужьыІуэкІи пащтыхьэ унэм къыщыхъуащ зэхъуэкІыныгъэ куэд. Черкасскэр дэлэжьауэ щытащ Екатеринэ I, Петр II, Аннэ Ивановнэ сымэ, абы щыгъуэми зэрыщх-зэрылІым зыщидзейуэ, лей жимыІэу, зэныкъуэкъухэм япэІэщІэу. Абы щыгъуэщ Черкасский Алексей Андрей Первозваннэм, Невский Александр орденхэр къыщыхуагъэфэщар.

1727 гъэм гъатхэпэм и 8-м Екатеринэ I къызэригъэпэщащ, коммерцэмкІэ комиссэм хагъэхьащ Черкасскэр. КъызэрыщІэкІамкІэ, Алексей къызыхуигъэщІари, и акъылри, и зэфІэкІри къыщигъэсэбэпын къулыкъур арат - политикэ утыкурт.

Петр II дунейм ехыжу, Аннэ Ивановнэ пащтыхьыгъуэр къылъыса нэужь (1730 гъэ), Черкасскэр министр хъуащ, пащтыхь гуащэм и лъэныкъуэ зэриІыгъам, абы и жагъуэгъухэм зэрыпэщІэувэм, зэращІыхъумэм и хьэтыркІэ, чэнджэщэгъу ищІащ. Черкасскэм и пщІэр нэхъри лъагэ зэрыхъуар, пащтыхь гуащэм дзыхь къызэрыхуищІыр, политик лъэщу къызэрыщІэкІар зылъагъу хамэ къэрал лІыкІуэхэм Алексей саугъэт лъапІэхэмкІэ щІагъанэу щІадзащ. Псалъэм папщІэ, 1730 гъэм Австрием и лІыкІуэ граф Вратислав Черкасскэм къритауэ щытащ налкъут-налмэскІэ гъэщІэрэщІа, сом мин 20 и уасэ сурэт.

Черкасский Алексей къызыхэкІа лъэпкъ цІэрыІуэм, и къулеигъэм, иІыгъа къулыкъум и хьэтыркІэ иджыри зэман гуэркІэ пщІэ къыхуащІу, зэІущІэхэм ирагъэблагъэу, зэхыхьэм жьантІэр къыщылъагъэсу, политикэ Іуэху зэрихуэу псэуащ.

Елизаветэ Петровнэ пащтыхьыгъуэр къызэрылъысам хуабжьу щыгуфІыкІат Черкасскэр. Петр I и пхъур фІыуэ къыхущытт, и адэм хуэпэжу зэрыщытар ищІэрти. Абы къыхэкІкІэ Черкасскэр канцлер къулыкъум къытранащ икІи Урысейм хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ и унафэхэр ІэщІэлъащ. Алексей а къулыкъум илъэс иримыкъуукІэ тетыжауэ аращ, ауэ а зэман кІэщІым къриубыдэу, мыхьэнэшхуэ зиІэ политикэм Іуэху, зэгурыІуэныгъэ куэд зэфІигъэкІащ. «Черкасский Алексей щапхъэ зытрахым хуэдэ политикщ. Гурэ псэкІэ и лэжьыгъэм хуэпэжщ, Пащтыхь гуащэми пщІэшхуэ къыхуещІ», - апхуэдэ псалъэхэр урыс тхыдэм къыхэнэжащ канцлерым теухуауэ.

1742 гъэм Черкасскэм къупщхьэ уз иІэ хъуауэ, и щхьэм лъы ещанэу дэуейри, къелакъым. Ар щыщІалъхьащ Новоспасскэ къулъшырым (монастырым) и кхъэм. А Іуэхум хэтат пащтыхь гуащэ Елизаветэ. Алексей ипхъу закъуэ Варварэ 1743 гъэм граф Шереметев Петр щхьэгъусэ хуэхъуащ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

**● ЗэІущІэхэр**

# ЩІыналъэхэр хагъэгъуазэ

**ФокІадэм и 11 - 12-хэм Черкесск къалэм щекІуэкІащ «Цифровая прокачка. Региональный день муниципалитетов» зыфІаща зэІущІэр.**

АР къызэрагъэпэщат «Бжыгъэ экономикэ» зэгухьэныгъэм, КъШР-м и Правительствэм, ЩІыпІэ самоуправленэм зэгъэужьыныгъэмкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэм (ВАРМСУ). Іуэхум хэтащ къэрал, щІыналъэ къулыкъущІэхэр, бжыгъэ экономикэмкІэ нэхъ пэрытхэр, къэпщытакІуэхэр, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и хьэрычэтыщІэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ингушым, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэн Республикэм икІауэ зэІущІэм хэтащ цІыху 250-м щІигъу. Ахэр псори зэзышэлІар ди щІыналъэхэм бжыгъэм зыщегъэужьыныршщ.

Мы унэтІыныгъэмкІэ щыІэ ехъулІэныгъэхэм, Іэмалхэм тепсэлъыхьыным и закъуэ мыхъуу, КИФЩІ-м и щІыналъэхэм 2030 гъэ пщІондэ бжыгъэм зыщегъэубгъунымкІэ лэжьыпхъэм щытепсэлъыхьащ зэІущІэм.

ВАРМСУ-м и унафэщІхэм ящыщ Гусевэ Иринэ видеоІэмалкІэ зэІущІэм къыщыщыпсэлъам щапхъэу къихьащ бжыгъэ Іэмалхэм нэхъ жыджэру ирилажьэ щІыналъэхэм я ехъулІэныгъэхэр зыхуэдэр. Къыхэгъэщыпхъэщ бжыгъэр гъэкІуэтэнымкІэ япэ ищахэм Кавказ Ищхъэрэр зэращыщыр.

Бжыгъэм и Іэмалу щыІэхэм нэхъ ефІэкІхэм щытепсэлъыхьым и закъуэ мыхъуу, зэІущІэм щагъэлъэгъуащ абыхэм зэрырилажьэри. Псалъэм папщІэ, щІыпІэ муниципалитетхэр зэрылажьэну нейросетым и мардэщІэхэм щагъэгъуэзащ бжыгъэм и лэжьакІуэхэр.

- Мы зэІущІэм дыкъыщыпсалъэу дызэбгрыкІыж къудей мыхъуу, куэдым дыщагъэгъуэзащ, Іэмалыщ Іэхэр щыдагъэщІащ. А щІэныгъэхэр лэжьэкІэм хэплъхьэ хъунущ икІи фІыуэ тщигъэпсынщІэнущ ди пщэрылъхэр, - жиІащ Прохладнэ щІыналъэм хиубыдэ Солдатскэ къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Вегвиц Светланэ.

- Шэч хэмылъу, бжыгъэм ди лэжьыгъэр фІыуэ игъэкІуэтэнущ. Ди зэманыр нэхъыбэу зыщх тхэн-бжэныр абы тщхьэщихмэ, нэхъ къалэнышхуэхэм, нэхъыщхьэхэм зеттыфынущ дяпэкІэ. Абы и фІыгъэкІэ, дауи, жылагъуэ лэжьыгъэ нэхъыбэ зэфІэтхыфынущ, - къыхигъэщащ Старэ Шэрэдж къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Къамбий Астемыр.

ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэхугъуэхэр ягъэкІуэтэн папщІэ зэгухьэныгъэ гуэр къызэгъэпэщын зэрыхуейр наІуэ ящыхъуащ абы хэтахэм.

КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид фІыщІэ яхуищІащ зэІущІэм хэтахэм икІи къыхигъэщащ абы къыщаІэта Іуэхугъуэхэмрэ щагъэлъэгъуа щІэныгъэхэмрэ КИФЩІ-м бжыгъэм нэхъри зыщегъэужьынымкІэ лъабжьэ быдэ зэрыхъунур.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**

# ЯхузэфІэкІам нэхъыбэм трегъэгушхуэ

**Бахъсэн щІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэр гъавэр Іухыжыным йоужьэрэкІ. ЗэкІэ къызэрабжамкІэ, районым и мэкъумэш ІэнатІэм зэрызиужьыр къагъэлъагъуэу, ехъулІэныгъэфІхэр абыхэм щаІэщ. ЖыпІэнурамэ, бжьыхьэсэ гуэдзымрэ хьэмрэ я куэдагъыр нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм яхузэфІэкІам нэхърэ нэхъыбэщ.**

БАХЪСЭНДЭСХЭМ я зэфІэкІхэр бжыгъэхэмкІэ къэдгъэлъагъуэмэ, гуэдзу псори зэхэту тонн мин 22,7-м нэблагъэ къытрахыжащ гектар мини 3,7-м щІигъум, гектар къэс центнер 60 къытекІыу. Хьэуэ тонн мини 4,5-м щІигъу къытрахыжащ гектар 913-м. Мыбдежым зы гектарым хуэзэу центнер 50 къытекІащ.

Джэш хъурейуэ мэкъумэшыщІэхэм кърахьэлІэжащ тонн 48,3-рэ. Ар къытекІащ гектар 703-м, зы гектарым центнер 600 хуэзэу. Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ лІэужьыгъуэу тонн мин 20,3-м нэблагъэ къыщрахьэлІэжащ гектар 703-м, зы гектарым центнер 202,3-рэ къытекІыу.

Районым и мэкъумэшыщІэхэр иджыпсту пэрытщ сэхуранымрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ зэщІэкъуэжыным. Псалъэм къыдэкІуэу, абыхэм ящыщу псори зэхэту тонн мини 189,1-рэ нобэкІэ къытрахыжащ гектар 610-м. Зы гектарым центнер 310-рэ мыбдеж къыщрахьэлІэжащ.

«Мэкъумэш къэкІыгъэ нэхъыщхьэхэмкІэ ехъулІэныгъэфІхэр зэрыдиІэр нобэ долъагъу. Догугъэ ди мэкъумэшыщІэхэм я лэжьыгъэхэр хэхъуэкІэ зэфІагъэкІыну, щІыналъэм ерыскъымкІэ и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, щІыпІэ экономикэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфІхэр хуащІыну.

ЩІыналъэм и администрацэм мэкъумэш ІуэхущІапІэхэм защІигъакъуэ зэпытщ, ІэмалыщІэхэмрэ технологиещІэхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэм къыхэшэнымкІэ, ІэнатІэхэм заужьынымкІэ, къыщІагъэкІ продукцэхэм я куэдагъым хагъэхъуэнымкІэ», - жиІащ Бахъсэн район администрацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ, ерыскъымрэ щІы зэхущытыкІэхэмкІэ и управленэм и унафэщІ Къаскъул Хьэмидбий.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




● Фэ фщIэрэ?

# Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Канюк** - къый, къарэжьэу.
**Канюк кавказский** - къашыргъэкъый.
**Каравайка** - шэмэджыпэбзу.
**Кваква** - псыхэуэпщагуэ, псыхэуэпщэкIэщI
**Кеклик** - къуршджэд.
**Кеклик кавказский** - къуршджэд.
**Клест-елевик** - пэкъыу.
**Клест-еловик кавказский** - пэкъыу.
**Клинтух** - тхьэрыкъуащхъуэ.
**Клушица** - къуанщIэпэплъ.
**Кобчик** - къаргъэжьей.
**Козодои семейство** - бжэнщIэф лъэпкъыр.
**Козодои исполинские семейство** - бжэнщIэф абрагъуэхэр лъэпкъыр.
**Козодой** - бжэнщIэф, пчэнкIэшъу.
**Козодой большой** - бжэнщIэфин.



# Нартыху хьэжыгъэ жэмыкуэ

● Шхыныгъуэхэр

Шыуаным псы щIыIэ иракIэ, абы джэдыкIэ кугъуэ уда зыхэлъ шатэ хакIэ, фIыуэ зэIащIэри, мафIэм трагъэувэ. ЗэIащIэурэ дакъикъи 5 - 6-кIэ къагъавэ. АдэкIэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIар хаудэри, тхъу къыщIидзыху, дакъикъи 10 - 15-кIэ, зэIащIэурэ ягъажьэ. Хьэзыр мэхъу щыжаIэм, зэIащIэурэ, кхъуей цIынэ упщIэта халъхьэ, шыгъушыпс щIыIэ хакIэ. Пщтыру Iэнэм трагъэувэ, шху щIыIэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* псы щIыIэу - г 100, шатэу - г 500, джэдыкIэ кугъуэу - 1, нартыху хьэжыгъэу - г 115-рэ, кхъуей цIынэу - г 40, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.



# Къазыл гъэгъупцIа

Къазылыр нэхъ щагъэгъупцIыр бжьыхьэрщ, абы ирихьэлIэу къазыр пшэр мэхъури. Къаз яукIар мыдрей джэдкъазхэм хуэдэу зыхуей хуагъазэ. И кIуэцIыр къраха нэужь, бгъэлэгубэм хуэзэу и кIыхьыпIэмкIэ тIууэ зэгуаупщIыкI, тхыцIэм лъэмыIэсу. И кIуэцIыр псы щIыIэкIэ фIыуэ кърахьэщIыкI, тIэкIу ягъэжэпхъри, пхъэ уадэкIэ е бэлагъкIэ яупIэ. Абы и ужькIэ тепщэчышхуэ лъэщIабгъуэм иралъхьэ зы сатырэу, лыр щIигъанэу шыгъушыпс щIыIэ щIакIэ, и щIыIум пхъэбгъу къабзэ тралъхьэ, мывэ хьэлъэ тралъхьэжри щIыIапIэм ягъэув. И щхьэр тепIауэ зы жэщкIэ щагъэт, шыгъур хыхьэн, къазыр упIауэ, зимыгъэшауэ щытын папщIэ. Къаз упIар шыгъушыпсым къыхахыж, псыр щIагъэж, тIэкIу ягъэжэпхъри кхъуей плъыжь зэрагъэгъум хуэдэу жьэгукIэ ягъэгъупцI. Къазылыр гъур хъуху ягъэгъуркъым, атIэ ягъэгъупцI къудейуэ аращ. Апхуэдэу гъэгъупцIа къазылыр дзасэкIэ гъэжьэгъуафIэщ. Къазыл гъэгъупцIар зэIымыхьэу куэдрэ щылъщ.

Къазыл гъэгъупцIам шхыныгъуэ куэд къыхэпщIыкI хъунущ, къапщтэмэ, тебэкIэ бжьын, кIэртIоф щIэлъу, дзасэкIэ ягъажьэ, н.къ.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Псалъэжьхэр

# Тепсэр къытепхыжынщ

**♦Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ.**
**♦ТIакъуэр закъуэ палъэщ, закъуэр щымыIэ пэлъытэщ.**
**♦Джэду здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ.**
**♦Зы къэлэрри къэлэрищэри зэхуэдэщ.**
**♦Бзаджэ уи пашэмэ, бзаджэ ухуешэ.**
**♦Зы мафIэ хъуаскIэм жылэ псор къресэкI. Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.**
**♦Тепсэр къытепхыжынщ.**
**♦Уэсукхъуэр бзу цIыкIум къегъэхъей.**
**♦Зэдэпщiэ щIэхщи, зэдэшхэ IэфIщ.**
**♦Псэунум лъакъуибгъу щIэтщ.**
**♦ЛэжьэнкIэ уашхэщ, шхэнкIэ дыгъужьщ.**
**♦ПхъэIэщэ вийм зэдащтэмэ, щIыгуль къагъазэ.**
**♦ЛIы и къуэгъурэ вы и гъуррэ.**
**♦Зэбгъащiэр IэщIагъэщи, умыщIэр IэфIщ.**
**♦Пщы зи щыпэлъагъум тхьэ щохъу.**
**♦ЗыхуащIэ нэхърэ - зыщIэф.**
**♦ПсэукIэмыщIэ - уэкъулэ щIырейщ.**
**♦ПхъэIэщэ вийм зэдащтэмэ, щIыгулъ къагъазэ.**
**♦Хьэрычэтым берычэт хэлъщ.**
**♦Бзу кхъуей фIэкIа ямыIэ щыIэкъым.**
**♦Пщы зыфIэпщым пщылI къыпфIещ.**
**♦ЦIэ бжьакъуэм фIэсщ.**
**♦Щхьэ къуийм и лажьэ щхьэ псэум ищIэркъым.**
**♦Iэгу нэщI Iэщ1 джафэщ.**

● Псалъэ шэрыуэхэр

# Яубыр къашэ

**Зеиншэ шэгъуафIэщ**

Адэ-анэ зыщхьэщымытыж, мылъкушхуэ зытрамыгъэкIуадэу, хабзэшхуи кIэлъызэрамыхьэу яшам хужаIэ.

**Зи фIыщIэ зи мыгъуэ, зи гъунэгъу зи бий**

Хабзэ къыкIэлъызэрихьэнуми, апхуэдэ Iэмал езымыту, зи гъунэгъур бий зыщIам хужаIэ.

**Зы анэм къилъхуа псори зэхуэдэкъым**

Зы анэ къилъхуами, сабий псоми хьэл-щэн зырызыххэ яхэлъщ, жыхуиIэщ.

**Зы бынри бынищэри зэхуэдэщ**

Адэ-анэм быну яIэр зэхуэдэу ялъагъу, жыхуиIэщ.

**Зыщытхъур къэгъани, яубыр къашэ**

Псори егъэлеяуэ зыщытхъу хъыджэбзми зы ныкъусаныгъэ гуэр хэлъынкIэ мэхъу, жыхуиIэщ.

**ЗэгурымыIуэ бынунэм я мыгъуэщ**

ЗэгурымыIуэныгъэ, псалъэмакъ зэрылъ унагъуэр тыншыгъуэ ихуэркъым, жыхуиIэщ.

**Зэгъунэгъуит1 я мэл (жэм) бжыкIэ зэхуэдэкъым**

Унагъуэ къэс езым я хабзэ илъыжщ, Iуэху еплъыкIэ яIэжщ, ар лъытэн хуейщ, жыхуиIэщ.

**ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIутрэ**

«ДзитI зыIут» жыхуиIэр къамэщ: зэкъуэшитIыр зэкъуэтмэ, тегушхуэгъуафIэ пхуэщIынукъым, уапэлъэщынукъым, жыхуиIэщ.

**И адэм и щэн и къуэм къыхурехуэ**

И адэм хуэдэу и къуэр фIы ирехъуж, жыхуиIэщ.

**И адэр къалъхури, и къуэм зигъэпсэхужащ**

Къуэ мыгъасэм, щхьэхынэм ищIэн хуейхэр, псори адэм зыщхьэщихым ауан ящIу хужаIэ.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **4**. Абы гын къыхащIыкI. **5**. ЦIыху Iэубыдыпlэншэ, ерыщ, сампIэимыхьэ. **6**. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжа цIыхубз. **8**. Нэхущым зэреджэ нэгъуэщI псалъэ. **10**. КIэпхъым фIыуэ илъагъу пхъэщхьэмыщхьэ. **11**. Пхъэм къыхэщIыкIа, шынакъжьей цIыкIум ещхьыфэ бжэмышхышхуэ. **12**. КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу. **14**. Ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **16**. Нало Заур еджакIуэ ныбжьым иту зригъэгъуэта IэщIагъэ. **18**. Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ къуажэ.

*Къехыу:* **1**. Пхъэм къыхащIыкI хьэкъущыкъухэм зэрелэжь, дзитI зыIут Iэмэпсымэ. **2**. Уд фызыжьыр КъуийцIыкIу абыкIэ псыхьэ нэху щыхункIэ игъэкIуащ. **3**. А унэцIэр зэрахьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрхэм я Советым и УнафэщIу щытам, апхуэдэу Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьым. **5**. ЦIыху зэпIэзэрыт, сабыр. **7**. ... къыкъуэуам жыг тхьэмпэхэр къыпигъэщэщащ. **8**. Бжьыныщхьэ, жылэ къызэрыкIэ. **9**. АдакъэщIэрэ... пIастэрэ. **13**. Адыгэш лъэпкъ. **15**. Хьэцэпэцэ паупщIа, ямыIуэжауэ. **17**. Ахын тенджыз Iуфэмрэ Адыгеймрэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм Къэбэрдей адыгэхэр зэреджэ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътIанщ.**

***ФокIадэм и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***
***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къулъшыкъу. **3**. Щэбэт. **6**. Лэкъум. **9**. Шухьэ. **10**. Абазэ. **11**. Псы. **12**. Жэз. **17**. Напэ. **19**. Iумыл. **21**. Уашхэ. **22**. Жызум.
***Къехыу:*** **1**. Къуэлэн. **2**. Шыкъу. **4**. Бзу. **5**. Тхьэгъуш. **7**. Махъсымэ. **8**. Къан. **9**. ШэгъэфIэIу. **13**. Жьынду. **14**. Алъп. **15**. Былым. **18**. Пэш. **20**. Мэз.

● Гъуазджэ

# Пэшым цIыхур щIэзт

**ФокIадэм и 20-м, Адыгэхэм я махуэм, ирихьэлIэу Налшык Ашуровым и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет «Центр культурного развития» зи фIэщыгъэ ЩэнхабзэмкIэ унэм ирагъэблэгъащ илъэситху ипэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым къызэригъэпэща «Сыринэ» япэ щIалэгъуалэ театрыр. Зэхыхьэм и къызэгъэпэщакIуэр а центрым щылажьэ «Алые паруса» клубым и унафэщI Уэрдокъуэ Юлэщ.**

ПЭШЫМ цIыхур щIэзт. Абы щызэхуэсат Налшык къалэм дэт курыт школхэм ящыщу щым къикIа еджакIуэ цIыкIухэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

Уэрдокъуэм зэхыхьэр къыщызэIуихым, пэшым щIэс цIыкIухэм захуигъэзащ: «Нобэ сыт зи махуэр?» - жиIэри. ЕджакIуэхэм псоми зы жьэу жэуап къатащ: «Адыгэхэм ди махуэщ». Абыхэм я макъ жыгъырухэмкIэ къэIуа анэдэлъхубзэм уи гур хигъахъуэрт.

АдэкIэ и псалъэм къыпищащ Юлэ:

- Дэ нобэ ди хьэщIэщ «Сыринэ» театрым хэт щIалэгъуалэр. Абыхэм нобэ фагъэлъагъунущ теплъэгъуэ гъэщIэгъуэн. Си гуапэу утыкум къызогъэблагъэ абыхэм я гъэсакIуэ, ущиякIуэ, актёр, режиссёр Iэзэ Къанкъул Ислъам. Абы фыщигъэгъуэзэнщ театрым и щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэм.

- Фи махуэ фIыуэ, псоми! Адыгэхэм я махуэ лъапIэмкIэ псоми сынывохъуэхъу. Ди лъэпкъым и пщIэр нэхъ лъагэж хъуну, ижькIэрэ ди нэхъыжьыфIхэм къадекIуэкIа Iуэху дахэхэм адэкIи пытщэну, зедгъэужьыну, ди анэдэлъхубзэр тIурылъу дыкъэгъуэгурыкIуэну - ахэращ ди хъуэпсапIэр. Театрым хэт ныбжьыщIэхэр утыкум зыкъызэрыщагъэлъагъуэнум ягури я псэри етауэ яужь итщ. Дэ дызэрызэхыхьэрэ куэд мыщIами, тхуэзэфIэкIащ ди къэралым и къалащхьэ Москва, икIи къэс Эсамбаев Мыхьмуд и пансионатым щызэхашэ фестивалышхуэм дыхэтыну, абы адыгэбзэкIэ спектакль къыщыдгъэлъэгъуэну икIи япэ увыпIэр къыщытхьыну. Иджыблагъэ тырку щIыналъэми дыщыIащ, абы щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм драгъэблагъэри. ЕкIурэ-ещхьу дыкъагъэхьэщIащ. Дэ абыхэм зыкъыдагъэщIащ адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ зищIысыр. КъыдгурагъэIуащ зэрытпэIэщIэхэм зэригъэхьыщIэри. ЗыкъэгъэлъэгъуапIэхэм дыщашэм деж, абы дызэрыщыIэр зэхэзыха ди лъэпкъэгъухэр ЩэнхабзэмкIэ унэм и бжэIупэм Iузу къыщызэхуэсхэрт, «Хэкужьым къикIащ», жаIэу. Дыкъыщежьэжым бысым дыздэщыIахэм я нэпсыр къекIуат. Мис апхуэдэу дыщыIащ хамэ щIыпIэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм я деж. ЕтIанэгъи дыкIуэну къэдгъэгугъащ ахэр. Иджыпсту си нэIэ щIэт гъэсакIуэ цIыкIухэр утыкум къезгъэблэгъэнщ. Ди актёр ныбжьыщIэхэр къызэджэнур хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъу усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIщ, - жиIащ Къанкъулым.

Макъамэ щабэ дыдэ къэIуащ, пэшышхуэм щIэсхэр игъэдаIэу щIыкIэу. Утыкум къихьащ театрым хэт щIалэгъуалэр. Я зыхуэпэкIэмрэ я зыIыгъыкIэмрэ удихьэхыу, я бзэр зэхэщIыкIыIыгъуэу ахэр усэ къеджащ. Зыкъэзыгъэлъагъуэхэм еплъ ныбжьыщIэхэр, зэхахыр я псэм зэрыдыхьэр къапщIэу, гъэхуауэ едаIуэу щыст.

- Ди зыгъэпсэхугъуэ мазэр иуха къудейщ. Куэд дэмыкIыу спектаклыщIэ къыфхуэтшэнущи, ди гуапэщ нобэ къыдэплъа ныбжьыщIэхэр фыкъыхтхуэкIуэну, - жиIащ Къанкъулым.

ЗэIущIэм и кIэухыу къэпсэлъащ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым хэт, «Сыринэ» зи фIэщыгъэ япэ щIалэгъуалэ театрыр зэхэшэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкIа, абыхэм я Iуэху зезыхуэ, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэзыгъэпэщ, а театрым и унафэщI Кугъуэтыж Ахьмэд:

- Нобэрей махуэ дахэмкIэ сохъуэхъу адыгэпсэ зиIуту, адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэу дунейм тет псоми. Мыбы дыкъезыгъэблэгъами, къыдэплъахэми, зыкъэзыгъэлъэгъуахэми псоми фIыщIэ фхузощI, икIи сынывохъуэхъу! Ди хэкуэгъуу дунеишхуэм щикъухьахэр я адэжь лъахэм къагъэзэжауэ, дызэрыбыдыжауэ, ди бзэ дахэр дгъэбзэрабзэу, ижькIэ ди нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэна хабзэр, нэмысыр, адыгагъэр тщымыгъупщэу, ар щIэблэм зыхэтщIэу, ипэкIэ дгъэкIуатэу, куэдрэ адыгэ лъэпкъыр Тхьэм дигъэпсэу. АдэкIэ къыпысщэну сыхуейт: ди театрыр зэрызэхэтшэрэ илъэситху зэрыхъур Iэтауэ мы мазэм и 23 - 24-хэм Налшык дэт ГКЗ-м щыдгъэлъэпIэнущи, мыбы щIэсхэм зынревгъэхьэлIэну ди гуапэщ.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**



# МурадыфIхэр яIэщ

● Жыг хадэ зыгъэкIхэм я деж

**2030 гъэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэ жыгыщIэу мелуани 3-м щIигъу къыщагъэкIыну я мурадщ. Республикэм и мэкъумэш IэнатIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ жыгыщIэхэр щагъэхъу питомникхэм ди щIыналъэм зыщегъэужьыныр. НобэкIэ нэхъыбэу зэгуэгъур мыIэрысейхэрщ.**



КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым илъэс къэс жыгыщIэу мелуани 2,8-рэ къыщагъэкI. Иджы жыг хадэ зыгъэкIхэм къалэн зыщащIыжащ 2030 гъэм ирихьэлIэу а бжыгъэр мелуани 3,1-м нагъэсыну. ЖыпIэнурамэ, ди республикэм и мызакъуэу, къэралым и адрей щIыналъэхэми щIэупщIэшхуэ щаIэщ абыхэм.

КъищынэмыщIауэ, пхъэщхьэмыщхьэ жыгыщIэхэр щIыналъэхэм зэрыщагъэтIысым и псынщIагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр УФ-м щынэхъыфIищым яхохьэ икIи къэралым ерыскъымкIэ и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэфI ар хуохъу, щыжаIащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**




# ГъэнщIащ хъыбар гукъинэжхэмкIэ

**КъызыхэкIа лъэпкъым и лъабжьэ, и къежьапIэ, и тхыдэ зыфIэмыгъэщIэгъуэн щыIэу къыщIэкIынкъым. Адэ-анэм, Хэкум, сабиигъуэм къагъэуш а гурыщIэ къабзэм нэхъри зеубгъу цIыхум щIэблэ игъуэта нэужь.**

КЪЭХЪУН къуажэм щыщ Абазэ Леонид тхыдэджкъым икIи щIэныгъэлIкъым, ауэ и зэфIэкIым къызэритIэсу, Къэхъун дэс Абазэ лъэпкъым и блэкIар зэригъэIуужыным и Iэ къикI хэлъхьэныгъэ цIыкIу хуищIащ - зи теплъэр сурэтым щыфлъагъу «Къэхъун Абазэхэм я къежьапIэр» тхылъыр къыдигъэкIащ.

ЗэрыфщIэщи, Абазэ унэцIэр зезыхьэ куэд щопсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, уеблэмэ зэмыблагъэххэу. Леонид и лъэпкъым и къежьапIэр зэхуихьэсыжыну мурад щищIым, езым и адэжь лъапсэм теухуа тхыдэ хъыбарымкIэ къригъэжьащ: «Къэхъун къуажэм щыщ Абазэхэ я адэжь лъапсэр Краснодар (Бжьэдыгъухьэблэ) крайм хыхьэ Кубанскэ къутырырщ. Лъэпкъыр а лъэныкъуэмкIэ къикIыу Къэбэрдейм къызэрыIэпхъуам теухуа куэд тхыдэ напэкIуэцIхэм къыхощыж. Урыс-Кавказ зауэм зэтракъута адыгэ къуажэхэм язу арат ди лъэпкъыр къызытепщIыкIа Щхьэлахъуэ КIыщыкъуэрэ абы и къуэ Умаррэ щыпсэуа Кубанскэр. Зыкъомрэ пащтыхьыдзэм Кубанскэм дэсхэм зрапщытыфакъым. «Мыхэр лъэпкъ мыдаIуэщ, бзаджэщ» хужаIэу, Урысейм къраш сэлэтхэр къуажэм дыхьэн шынэрт. Абы тету, йоуэри иужькIэ генерал ящIа Шыпш Темыркъан урысей пащтыхьым хъыбар ирегъащIэ, дзэ къритмэ, Кубанскэр зэхикъутэу дэсхэри зэтриукIэну жиIэу. А щIыкIэм тету зэпсэлъащ, дзэи къратащ. Шыпшым къуажэм гъуэгу бзыщIакIэ дэзышэн ныбжьэгъу къигъуэтауэ арат. Зэманыр къос, дзэр ешэри макIуэ. Урысыдзэр къыздикIыну здагугъамкIэ къарууэ щыIэмкIэ загъэбыдат къуажэдэсхэм, арщхьэкIэ гъуазэ зиIэ бийр Кубанскэ зауэлIхэм я щIыбагъымкIэ къыдыхьэри, зэуэн щIадзащ...»

Мыпхуэдэ хъыбар гукъинэжхэмкIэ гъэнщIащ Леонид и тхылъыр. Ахэри щызыхьэту къоув ди лъэпкъым и къудамэхэр зэлъэIэсу, зыр адрейм и пIэ къиувэу, хэшыпсыхьу, итIанэми, адыгэу къызэтенэу, зэрызэфIэувар.

Тхылъым ихуащ Къэхъун дэс Абазэ унэцIэр зезыхьэхэм я лъэпкъ жыгхэр, ахэр унагъуэу зэрызэтепщIыкIыжахэр дамыгъэ IупщIхэмкIэ къэгъэлъэгъуауэ. Гур нэхъ зыгъэхуабэ псалъэухар тхылъым и кIэ дыдэм къыщыхьащ: «Си пхъурылъхухэу Камилэрэ Лаурэрэ къызэрыздэIэпыкъуам, лъэпкъ жыгхэр зэхэзгъэувэнымкIэ щIэгъэкъуэн къызэрысхуэхъуам папщIэ, фIыщIэ яхузощI».

Уи гуащIэр зыхэплъхьэ лэжьыгъэр къыкIэлъыкIуэ щIэблэм къафIэIуэхумэ, абы и уасэми хохъуэ. Пэжщ, налкIуэцI 48-рэ фIэкIа мыхъу тхылъым къызэщIиубыдар Абазэхэ я тхыдэм и зы пычыгъуэщ. Леонид хузэфIэкIыр ищIащ. КъыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэр зычынухэри къыкъуэкIынщ.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

● Футбол

**Фыдогъэблагъэ!**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ. «Б» дивизионым и Япэ гуп. ТIощIрэ еянэ джэгугъуэ***
***«Спартак-Налшык» - «Астрахань» (Нэзрэн)***
***Налшык. «Спартак» республикэ стадион.***
***ФокIадэм и 27. Сыхьэт 16-м.***

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.295 Заказыр №2086

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинын и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А